ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№146 (22.054) ● 2011 гъэм шыщхьэIум (августым) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Театрыр зэгъэпэщыжын яухынущ,

Республикэм и махуэр щагъэлъэпIэн хуэдэу

РЕСПУБЛИКЭМ и Президентыр щыIащ Налшык щекIуэкI ухуэныгъэ зыбжанэм. Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ уэрамым абы къыщипщытащ пщIантIэхэм щыIэ зекIуапIэхэм асфальт зэрытралъхьэр. А лэжьыгъэм сом мелуани 2,5-рэ хуэдиз трагъэкIуэдэну я мурадщ икIи псори зэхэту къалэм и уэрамхэм ящыщу 30-м нэблагъэ зэIузэпэщ ящIын хуейщ. Президентыр щалъагъум къызэхуэжэса сабийхэр абы къигъэгугъащ цIыкIухэм я джэгупIэхэр зэрагъэпэщыжыну, футбол щыджэгу губгъуэ къызэрагъэпэщыну зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэм я пщэ ирилъхьэну.

АдэкIэ Президентыр кIуащ нэгъабэ щIадзауэ зэрагъэпэщыж Сабий стадионым. Мыбы сом мелуани 158-рэ къыщагъэсэбэпыну къапэщытщ. Стадионым къыщызэIуахынущ теннис джэгупIэ, къыщажыхь гъуэгухэр, гимнастикэм зыщыхуагъасэ пэш. Республикэм и Iэтащхьэм диIыгъащ Налшык и «Спартак» футбол командэм и щIалэгъуалэ гупым мы стадионым зыщагъэсэну егъэбыдылIэным теухуауэ къыхалъхьар. Абы папщIэ алэрыбгъукIэ къищIыкIа джэгупIэ губгъуэр ягъэхьэзырынущ. Стадионыр зэгъэпэщыжыныр дызэрыт илъэсым зэфIагъэкIын хуейщ.

КъыкIэлъыкIуэу здэщыIа ухуэныгъэр - Музыкэ театрыр - Къанокъуэ Арсен хэхауэ набдзэгубдзаплъэу къипщытащ. Ар нэмысу зы пэши, зы къуэдзапIи къигъэнакъым. Театрым зэхъуэкIыныгъэ куэд къыщыхъуащ артистхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, ар ящыгъэпсынщIэным хуэунэтIауэ. Президентым зыхуэфащэ къулыкъущIэхэм я пщэ ирилъхьащ театрым къегъэщIылIа щIыпIэхэр иджырей Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ зэIузэпэщ ящIыну. ПщIантIэр мывэкIэ, театрым и кIуэцIыр керамограниткIэ кърагщIыкIынущ. Театрыр хьэзыр ящIынущ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъэпIэн хуэдэу.

ДЖЭДУ Заур.

КЪАНОКЪУЭ Арсен: «Апхуэдэ IэIэтхэр нэхъыбэрэ егъэкIуэкIын хуейщ»

А псалъэхэр Къанокъуэ Арсен щыжиIащ цIыхубэ IэIэтым и ещанэ утыкум: «Абы Iэмал къет цIыхухэм зэIухауэ епсэлъэнымкIэ. Дэ долъагъу абыхэм нэхъ дзыхь зыхуащIхэр, Iэ щIаIэтхэр».

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм къызэрилъытэмкIэ, цIыхубэпсо IэIэтым и мыхьэнэ нэхъыщхьэр псоми зэхуэдэ хуитыныгъэхэр къазэрыхузэригъэпэщырщ. Абы хэтщ мы зэманым Къэрал Думэм и депутату щытхэри, республикэм и Парламентым и депутатхэри, политикэм япэ лъэбакъуэхэр щызычхэри. «Iэ Iэтыным кърикIуэм емылъытауэ, абы хэт дэтхэнэ зыри политикэ лэжьыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэ мэхъу. ИпэжыпIэкIэ къапщтэмэ - ар Iуэху еплъыкIэхэм я зэныкъуэкъуныгъэу аращ», - жиIащ Президентым и псалъэм и кIэухыу.

КъБР-м и Президентым къыхигъэщхьэхукIащ республикэм къыбгъэдэкIыу Къэрал Думэм и депутату хахкхэм зэфIагъэкIым теухуа отчетхэр цIыхубэм я пащхьэ Iэмал имыIэу зэрыщащIынур.

Пэублэ IэIэту щым кърикIуахэм япкъ иткIэ, цIыху нэхъыбэ дыдэ зи телъхьэр Къанокъуэ Арсенщ.

Щэбэт щIыхьэхум кърикIуахэр

ЗИ ШКОЛ кIуэгъуэ сабийхэр зиIэ унагъуэхэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIауэ илъэс къэс къызэрагъэпэщ республикэпсо щэбэт щIыхьэхур КъБР-м и Правительствэм 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыдигъэкIа Унафэ №203-ПП-м тету мы гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м екIуэкIащ. Абы республикэм и IуэхущIапIэу 710-м щылажьэхэм ящыщу цIыху 39548-рэ хэтащ. ЗэкIэ къызэрабжамкIэ, абыхэм къалэжьа ахъшэм щыщу сом мин зырыз школакIуэу 5319-м иратынущ.

КъБР-м и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм зэхалъхьа спискэхэм япкъ иткIэ, ахъшэр иратынущ школакIуэ ныбжьым ит сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэр зыпIыжхэм, сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэ унагъуэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм. Абыхэм ахъшэ хухалъхьэнущ кредит IуэхущIапIэхэм къыщызэIуаха я счетхэм.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Зэгъэзэхуэжыныгъэхэр халъхьэ

●КъБР-м и Правительствэм

КъБР-м и премьер-министр Гертер Иван республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ. Абы Iуэхугъуэ 30-м нэблагъэм щыхэплъащ.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Гертер Иванрэ *(ижьымкIэ)* абы и япэ къуэдзэ Абрэдж Iэдибрэ.

ЗЭХЫХЬЭМ япэу щызэпкърахащ гъэ къэс къыхалъхьэ «Илъэсым и хьэрычэтыщIэ нэхъыфI», «Илъэсым и IуэхущIапIэ нэхъыфI» зэпеуэхэр егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ КъБР-м и Правительствэм и унафэхэм я проектхэр. Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министр **Мусуков Алий**къызэригъэлъэгъуамкIэ, а зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэр къызэрыхах щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтынущ. ДяпэкIэ ахэр нэхъыщхьэу къызэралъытэнур финанс илъэсым налогыу ятар зыхуэдизым тещIыхьауэщ. Министрым жиIар даIыгъри, Правительствэм и унафэхэм зэгъэзэхуэжыныгъэхэр халъхьащ.

Къызэхуэсахэр кIэлъыкIуэу хэплъащ мурад куэдым тещIыхьа электрон картэхэр къыдэгъэкIыным, яхэгуэшэным, абыхэм я лэжьыгъэр зэкIэлъыгъэкIуэным хуэунэтIауэ къапэщытхэм. Мусуков Алий зэрыжиIамкIэ, 2012 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэситIым кърибыдэу Урысей Федерацэм и цIыху псоми апхуэдэ электрон картэхэр къыIахын хуейщ. Медицинэ страховой полисри, пенсэ страхованэм и картэри хыхьэу, абыхэм тхылъ щхьэхуэхэм я къалэнхэр ягъэзэщIэнущ. Картэхэм я федеральнэ, щIыналъэ, муниципальнэ гуэдзэ хэмкIэ банк, къэрал Iуэху тхьэбзэхэр, нэгъуэщI куэдхэри зэфIагъэкI, социальнэ ахъшэхэр зэлэпах хъунущ.

Зэхыхьэм щагъэбелджылащ «Къэралпсо Iуэхугъуэхэр» Iыхьэмрэ «ГъэтIылъыгъэ фондхэр» Iыхьэ гуэдзэмрэ хыхьэу республикэ бюджетым и хьэкъкIэ зыдэIэпыкъунухэр. ФинансхэмкIэ министр **Бышэн Азрэт** къыхилъхьам арэзы техъуэри, зэIущIэм къыщаштащ щытыкIэ гугъуэм къихута цIыхуищым сом мини 158-кIэ защIэгъэкъуэным теухуа унафэ. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт** къызэхуэсахэр хигъэгъуэзащ республикэм щыщ цIыху гупым ядэIэпыкъун папщIэ ягъэхьэзыра проектым. Я къалэныр щагъэзащIэм хэкIуэда хабзэхъумэхэм я унагъуэ хэм дэтхэнэми сом мин 500 иратынущ.

КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **Сунш Ануарбий** зэхыхьэм щызэпкърихащ 2011 - 2015 гъэхэм жылагъуэхэм лъэс зекIуапIэхэр зэрыщаухуэнум тещIыхьа республикэ программэ хэхам и проектыр. Правительствэм и УнафэщI **Гертер Иван** къыхигъэщащ ФинансхэмкIэ министерствэм къыхилъхьар къалъытэу программэр гъэзэщIэныр зы илъэскIэ ягъэIэпхъуэмэ зэрынэхъыфIыр. А пIалъэм траухуэмэ, лэжьыгъэм хуэзэнур ЩIыналъэ гъуэгу фондым нэхъ тыншу хузэщIэгъэуIуэнущ. Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ 2012 - 2016 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэхэм псоми зэхуэдэу къыщагъэсэбэп щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгухэр гъэнэхуным теухуа программэ хэхам и проектым. Абы ипкъ иткIэ, илъэситхум кърибыдэу километр 406-м уэздыгъэхэр щыфIадзэну я мурадщ. А Iуэхум сом мелуан 343,8-рэ хухахынущ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт** жиIам едаIуэри, социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ, мы гъэм и етIуанэ мазищым республикэм и цIыхухэр псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр сом 4934-рэ хъууэ Правительствэм игъэуващ.

ЗэIущIэм къыщащтащ пэщIэдзэ профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIищым - автотранспорт, ухуакIуэ, мэкъумэш лицейхэм я статусхэр зэрахъуэжым теухуа унафэ. Абы а еджапIэхэр зехьэным сом мелуани 4 къахудигъэхуэнущ. ЗэIущIэм щыхэплъащ «Курорт-IуащхьэмахуэКурорт-Iуащхьэмахуэ» акционер обществэ зэIуха къызэгъэпэщыным теухуауэ КъБР-м къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIым и гъэтIылъыгъэхэмкIэ и министр **Лыджыдэ Хьэбдулсэлам** къыхилъхьа проектым. Министрым зэрыжиIамкIэ, IэнатIэщIэр къызэIуахыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар «Iуащхьэмахуэ лъапэ и кIапсэ гъуэгухэр» компаниер щытыкIэ гугъум зэрихуарщ. Мы зэманым абы и кредитор щIыхуэр сом мелуани 172-рэ мэхъу. А щIыпIэм щытыкIэ ткIий зэрыщагъэувам къыхэкIыу, щIыхуэр хуэпшыныжыркъым. «Курорт-Iуащхьэмахуэ» ОАО-м и къызэгъэпэщакIуэхэм хохьэ Къэбэрдей-БалъкъэрРеспубликэр, «Iуащхьэмахуэ-турист», «Iуащхьэмахуэ лъапэ и кIапсэ гъуэгухэр» IуэхущIапIэхэр, щIыхуэ псори зытыжу сом мелуани 120-м къыщыщIэдзауэ мелуан 500-м нэблагъэ обществэм и устав фондым хэзылъхьэну уней инвесторыр.

Проектыр зэдэарэзыуэ къащтащ.

НэгъуэщI Iуэхугъуэхэми щыхэплъа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщIым и къуэдзэхэу **Абрэдж Iэдиб, Уянаев Казым**, къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ЗэIущIэр йокIуэкI.

И къалэнхэм пэроувэж

АДЫГЕЙ. ***Германием зи узыншагъэр щызэфIэзыгъэувэжа республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий лъахэм къигъэзэжри, и къалэнхэм пэрыувэжащ.***

- ГУАПЭЩ сыщыщымыIа лъэхъэнэм Адыгейм зэрызиужьар. Ар икIи наIуэщ. Илъэситху хъуауэ лэжьыгъэ хъарзынэ езыгъэкIуэкI мэкъумэш IэнатIэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр абы и щыхьэтщ. Гъавэу кърахьэлIэжынури нэгъабэ елъытауэ нэхъыбэнущ. РеспубликэмкIэ щекIуэкIым сыт щыгъуи щыгъуазэу сыщытащ. Иджы къаруущIэхэр сиIэу си къалэнхэм сыпэроувэж, - жиIащ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий.

Автотранспорт зэпыщIэныгъэхэр ирагъэфIакIуэ

АБХЪАЗ. ***Урысей Федерацэмрэ Абхъаз Республикэмрэ я автотранспорт зэпыщIэныгъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ лъэныкъуитIым я правительствэхэм я зэгурыIуэныгъэм Москва Iэ щытрадзащ.***

ЗэгурыIуэныгъэм рулым дэсхэм куэдкIэ нэхъ тынш ящищIащ урысей, абхъаз транспортхэр а къэралхэм я щIыналъэм ихьэныр. А зэIущIэм хиубыдэу УФ-м транспортымкIэ и министр Левитин Игоррэ Абхъаз Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Озган Кристинэрэ Iэ щIадзащ авиацэр къэлъыхъуэныгъэ къегъэлын Iуэхухэм къыщыгъэсэбэпыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●Узыншагъэ

ЗэфIэкI лъагэхэр яIэу

Саратов Ортопедиемрэ травматологиемкIэ дэт щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэхэр илъэситху хъуауэ Налшык къакIуэурэ IэпкълъэпкъыркъезыхьэкI пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр зэуз сымаджэхэм якIэлъоплъ.

ИЛЪЭС къэс а дохутырхэм чэнджэщ щхьэпэхэр ират ди республикэм щыпсэу цIыхуи 150-м щIигъум. Республикэ сымаджэщым и поликлиникэм къекIуалIэхэм я узыфэр къахутэ категорие нэхъыщхьэ зиIэ травматолог, ортопед, нейрохирург цIэрыIуэхэм. Мы гъэм институтым и IэщIагъэлIхэр Налшык щыIащ бадзэуэгъуэм и иужьрей махуэхэм икIи чэнджэщ щхьэпэхэр иратащ цIыху куэдым.

Травматологие, ортопедие узыфэхэр къэхутэнымкIэ, абыхэм еIэзэнымкIэ къэралым щыIэ апхуэдэ Iуэ хущIапIэхэм я нэхъыфIу къалъытэ Саратов дэт институтыр. Абы и IэщIагъэлIхэр дэIэпыкъуэгъу яхуохъу Урысей Федерацэм и хэгъуэгу 44-м щыпсэухэм. Иужьрей илъэсхэм медицинэм къыхыхьэ технологие пэрытхэр къагъэсэбэпурэ, ахэр йоIэзэ къупщхьэ зэрытыпIэ хэм.

Илъэс къэс мы институтым ехъулIэныгъэ яIэу щызэфIагъэкI ортопедиемрэ травматологиемрэ епха операцэ гугъу дыдэ хэр. Институтым щылажьэ зы хирургым илъэсым операцэ 500-м нэблагъэ щригъэкIуэкI щыIэщ.

ОСМАНОВЭ Маринэ.

«Атэлыкъ» Iуэхум пащэ

Налшык Профсоюзхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэм и бжэIупэм шыщхьэIум и 1-м джэгурэ къафэкIэ къыщызэIуахащ «Атэлыкъ» Iуэхугъ уэр.

ЗЭIУЩIЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и министерствэм, КИФЩI-м и хэгъуэгухэм я гъэзэщIакIуэ властым щIалэгъуалэ Iуэху хэмкIэ я органхэм, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратым, ЮНИСЕФ-м, Сабий Фондым я лIыкIуэхэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэхэм.

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Пащты Борис** зэхыхьэр къыщызэIуихым, КъБР-м и Президентым и цIэкIэ псалъэ гуапэхэр яжриIащ мы проектым хэт ныбжьыщIэхэм. Пащтым къыхигъэщащ лъэпкъхэм яку зэныбжьэгъугъэрэ зэрылъытэныгъэрэ дэлъыныр ди нэхъыжьхэм къытхуагъэна щIэину зэрыщытыр, абы нобэрей щIалэгъуалэм пащэну зэракъалэныр.

Зэхыхьэр езыгъэкIуэкIа Хьэхъупащ1э ФатIимэрэ Аттаев Азноррэ «Атэлыкъым» хэт ныбжьыщIэхэр зэрагъэцIыхуа нэужь, жаIащ лъэпкъхэр зэгурыIуэным, КИФЩI-м и щIыналъэхэм исхэм я зэхуаку дэлъа зэныбжьэгъугъэр къэгъэщIэрэщIэжыным проектыр зэрыхуэунэтIар.

Проектым хэт щIалэгъуалэр езыгъэблэгъа унагъуэхэм махуиплIкIэ щыхьэщIэнущ, я хабзэхэм щагъэгъуэзэнущ, жылэм щекIуэкI щIалэгъуалэ зэхыхьэхэм хагъэтынущ.

ШыщхьэIум и 1-м щыщIэдзауэ и 5 пщIондэ екIуэкIыну «Атэлыкъ» проектым унагъуэ 14 къызэщIеубыдэ. Абы щыщу 7-р Къэбэрдей-Балъкъэрым, адрейхэр КИФЩI-м и нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщщ.

Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и министерствэм, дин зэмылIэужыгъуэхэр зезыхьэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр ягъэ дахэу Тхьэгъэлэдж Светланэ, Хьэцей Тимур сымэ уэрэд жаIащ, къафэмкIэ щапхъэ зытрах «Нал цIыкIу» ансамблым кърихьэлIахэр я лъэгу щIагъэпльащ.

Проектыр шыщхьэIум и 5-м Профсоюзхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэм щызэхуащIыжынущ. Ныбжьэгъу зэхуэхъуахэм я махуэхэр зэрагъэкIуам, щыхьэщIа лъэпкъхэм я хабзэхэм теухуауэ къащIам тепсэлъыхьыжынущ, саугъэтхэмкIэ зэхуэупсэнущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.


Пащты Борис зэIущIэр къызэIуех.


Зэхыхьэм хэтахэр.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ДУНЕЙМ ЩЫХЪЫБАРХЭР

Хьийм икIахэм зэхащIыхьхэр

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм хуагъэфащэ Тулэ къалэм цIыхуитху хъу унагъуэ щызэтезыукIар сектэ щхьэхуэм хэтхэр арауэ.

Иджы дыдэ фэтэрым къыщагъуэтыжащ сабиищым, абыхэм я анэм, я анэшхуэм я хьэдэхэр. Мы Iуэхум жылагъуэр игъэгулэзащ. Тулэ кIуащ УФ-м и Следствие комитетым и унафэщI Бастрыкин Александр. Абы и гъусэщ мыпхуэдэ Iуэху зэхэгъэкIыным кууэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр.

Жэуапыр къыпоплъэ

Омск къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и депутат Дмитриев Александр дуней псом къыщалъыхъуэ.

Хабзэхъумэхэм хуагъэфащэ абы сом мелуан 400 идыгъуауэ. КъулыкъущIэр IуэхущIапIэ зыбжанэм я унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ.

ЗэкIэ щIыналъиблым

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий игъэуващ Урысейм и щIыналъиблым инвестицэмкIэ я уполномоченнэхэр.

Ахэр езым и лIыкIуэхэу а округхэм щыIэхэрщ. Президентыр щогугъ къалэнышIэхэр зи пщэ далъхьахэр инвестицэ IуэхухэмкIэ а щIыналъэхэм щIэгъэкъуэнышхуэ яхуэхъуну.

Хыхьэну хьэзырщ

Осетие Ипщэм и Президент Кокойты Эдуард жиIащ Урысеймрэ Белоруссиемрэ я къэралыгъуэ зэгуэтым езым и республикэр хыхьэну зэрыхьэзырыр.

Абы папщIэ Белоруссием Осетие Ипщэр къэрал щхьэхуэу къилъытэн хуей къудейуэ аращ. Кокойты къыхигъэщхьэхукIащ Осетие Ипщэр къэралыгъуэм къыдыхэтыну лъэныкъуэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуну зэримурадыр.

Хамэ къарухэм я зэранкIэ

Сирием и Президент Асад Башар жиIащ а къэралым и Iуэхухэр хамэ къарухэм зэIащIауэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, иджы дыдэ Хьэмэ къалэм къыщыхъея хьэлэбылыкъым цIыхуищэм нэблагъэ хэкIуэдащ.

КъухьэпIэ къэралхэм я нэхъыбэм къэхъуар Сирием и унафэщIхэм тралъхьэ. Хэбгъэзыхьмэ, Италием къигъэуващ ООН-м ШынагъуэншагъэмкIэ и Советыр зэхуашэсыну. Урысейм ар идакъым.

НОБЭ

♦Илъэси 140-рэ и пэкIэ (1871) къызэIуахащ Мечников И. И. и цIэр зезыхьэ Одессэ лъэпкъ университетым и «Астрономие обсерваторие» щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр.

♦Илъэси 100 и пэкIэ (1911 гъэм шыщхьэIум и 3 - 17-хэм) Новгородышхуэ щекIуэкIащ Урысейм и археологхэм я япэ съездыр. 2006 гъэращ УФ-м и археологхэм я етIуанэ зэхуэсыр щыщыIар. Ещанэ съездыр мы гъэм фокIадэм и 24 - 29-хэм Новгород Ищхъэрэ щекIуэкIынущ.

♦Илъэси 100 и пэкIэ (1911) франджы авиаконструктор **Фабр Анри** Сенэ псым тригъэтIысхьауэ щытащ дунейм щыяпэ кхъухьлъатэ-амфибиер.

♦Каир (Мысыр) суд трагщIыхьын щыщIадзэ къэралым и президенту щыта Мубарак Хоснирэ абы и къуэхэмрэ.

♦ШыщхьэIум и 3 - 13-хэм Локарнэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ 64-нэ дунейпсо кинофестивалыр.

♦ШыщхьэIум и 3 - 7-хэм Рязань щекIуэкIынущ «Урысейм и уэгу-2011» хьэуа щэнхабзэ-спорт дунейпсо фестивалыр.

♦Илъэс 200 и пэкIэ къалъхуащ американ промышленник, лифт Iэмэпсымэр къэзыгупсыса (1852) **Отис Элайшэ**.

♦Урысей композитор, РСФСР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Шнитке Альфред** и фэеплъ махуэщ.

♦Урысей тхакIуэ, Нобель и саугъэтым литературэмкIэ и лауреат (1970) **Солженицын Александр** и фэеплъ махуэщ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:
IэщIагъэ зиIэм Iэужь иIэщ.

Псоми ди нэIэ зытедгъэтын хуей IэнатIэ

ЩIэблэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Парламентым Зыщыхуигъазэм къыхигъэщхьэхукIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм егъэщIылIауэ зэман гъунэгъум зэфIагъэкIын хуей къалэн нэхъыщхьэхэр. Ахэр хуэгъэзащ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ щадэлажьэ зы республикэ, я нэхъ мащIэрамэ, куей центру тIу къызэIухыным, ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэну IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным, дэтхэнэ жылагъуэми щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ жэуап зыхь лэжьакIуэхэр щыгъэIэным.

АБЫ а Iуэхухэм ятригъэщIэныр ауэ сытми къэхъуакъым. Зы зэман дэ мы лэжьыгъэр кIэрыутIыпщ тщIауэ щытащ, абы къыхэкIыуи дегугъуакъым къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэным. Аращ ныбжьыщIэхэм щыщ гуэрхэр щIэпхъаджагъэ гъуэгум теувэныр къызыхэкIар. Дауи, щIалэгъуалэр мыхъумыщIагъэхэм дахьэхыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар абы и закъуэкъым - ар хуабжьу нэхъ куущ.

Япэрауэ, иджырей Урысейм щыщыIэ щытыкIэм ижь ныбжьыщIэ хэм ящIеху. Телевиденэмрэ Интернетымрэ лейзехьэхэр щытетщ, щIалэгъуалэр хуагъасэ псынщIэу къулей зэрызащIынум, ди къэралым и куэдщ унагъуэ зэгурымыIуэхэр, апхуэдэхэм я сабийхэр гъэса хъуркъым.

ЕтIуанэрауэ, Кавказ Ищхъэрэм лъэпкъ зэпэщIэтыныгъэр щызэщIэзыгъаплъэ Iуэхухэри щыIэщ: зы щIыналъэм щопсэу лъэпкъ куэд. Ар къаугъэм лъабжьэ хуэмыхъуу къанэркъым. КъыумылъытэнкIэ Iэмал иIэкъым Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм лэжьапIэншэхэр зэрыщыкуэдри, щIы къулеигъэхэр къазэрыщемэщIэкIри. Абы къешэ мылъкум папщIэ зэпэщIэувэныр, дин экстремизмыр. Псом япэуи, хилъафэр зи хьэл-щэнхэр быдэу зэфIэмыува ныбжьыщIэхэрщ.

Мис а щхьэусыгъуэ псори къэлъытауэ, КъБР-м щIалэгъуалэ политикэ щызэтраухуэн хуейщ зэпымыууэ социологие къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыурэ. ИтIанэ ныбжьыщIэхэр кIэлъыплъыныгъэм щIэкIынукъым, щIалэгъуалэм ядэлэжьэным и Iуэхур зэфIэувэнущ. Апхуэдэу зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым щIалэгъуалэ политикэр куэду зэхэухуэна лэжьыгъэ гугъуу зэрыщытыр. Ар нэхъыщхьэу зыхуэунэтIыпхъэри цIыхум дэмыкъузауэ зегъэужьынымрэ гулъытэм щIэту къэгъэтэджынымрэщ.

АтIэ а мурадыр зэдгъэхъулIэн папщIэ дэ мы зэманым сытхэр тхузэфIэкIрэ?

ГъащIэм къегъэлъагъуэ къэрал щIалэгъуалэ политикэр мы зэманым тэмэму зэрызэтрамыухуар, зыкъомкIэ тIорысэ зэрыхъуар, иджырей зэманым зэремызэгъыжыр. 1999 гъэм «Урысей Федерацэм щрагъэкIуэкI къэрал щIалэгъуалэ политикэм и лъабжьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ закону Къэрал Думэм къищтар икIи ФедерацэмкIэ Советыр арэзы зытехъуар УФ-м и Президентым пхигъэкIакъым. Иджыри къэс мы Iуэхур зэIубзкъым.

Абы къыдэкIуэу мы IэнатIэр егъэтIасхъэ щIалэгъуалэм ядэлажьэ IуэхущIапIэхэр тэмэму зэрызэпымыщIам, ахэр зэпымыууэ зэрызэрахъуэкIым, къыIуах-зэхуащIыжу зэрыщытым. Ар щыхьэт тохъуэ къэрал щIалэгъуалэ политикэ убзыхуа зэрыщымыIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы Iуэхур зымащIэкIэ щынэгъуэщIщ. Ди деж зи гугъу тщIы лэжьыгъэм и лъабжьэщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм и IуэхукIэ», «Къэралым щIалэгъуалэ, сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм защIигъэкъуэным и IуэхукIэ», «Сабий-ныбжьыщIэ, студент спортым и IуэхукIэ», «Унагъуэр, анэхэр, адэхэр, сабийхэр хъумэным я IуэхукIэ» республикэ хабзэхэр, къэрал унагъуэ политикэм и гъэпсыкIэмрэ программэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ, апхуэдэу КъБР-м и Правительствэм и унафэ зыбжанэ.

АрщхьэкIэ мыб деж и гугъ уехь зыбжанэм дыщыIуоуэ. Зи гугъу тщIы хабзэхэмрэ программэхэмрэ зыхуеинум хуэдиз мылъкукIэ щыщIэмыгъэбыда къохъу.

Iуэхум ухэплъэмэ, плъагъунущ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядэлажьэ еджапIэхэр, спорт, щэнхабзэ Iуэх ущIапIэхэр зэрыщыIэр. АрщхьэкIэ мы IэнатIэр гугъу ящI щхьэусыгъуэ зыбжанэм. Абыхэм ящыщ зыбжанэм сакъытеувыIэну сыхуейт.

Мыхьэнэ ин зиIэ лъэпкъ проектхэр, апхуэдэу «Урысей зэкъуэт» партым и социальнэ проект зыбжанэр зэрагъэзащIэм и фIыгъэкIэ иужь илъэсхэм зыкъом зэфIагъэкIащ еджапIэхэр, физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэхэм я Iуэхур ирагъэфIэкIуэн, щIэхэр яухуэн я лъэныкъуэкIэ. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а проектхэр ялъэIэсакъым мыхьэнэ ин зиIэ IэнатIэм - щэнхабзэм.

Къуажэм нэгузегъэужь лэжьыгъэр зэпымыууэ щызэтезыухуэу щытар ЩэнхабзэмкIэ унэрт. Ар зытещIыхьар сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьынырт. Бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, къуажэ еджапIэхэм щIэсхэм я процент 90-р ЩэнхабзэмкIэ унэхэм йокIуалIэ, абыхэм я нэгу зыщрагъэужь, щызэIуощIэ.

Мыр Iуэху щхьэпэ дыдэу зэрыщытым шэч гуэри хэлъкъым, ауэ «Урысей Федерацэм щыпIэ самоуправленэр щызэтеухуэным теухуауэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ закон №131-ФЗ-м ипкъ иткIэ, щэнхабзэ, нэгузегъэужь Iуэхутхьэбзэхэр къуажэдэсхэм яхуэщIэным теухуа лэжьыгъэр зи пщэ дэлъыр къуажэхэм я щIыпIэ самоуправленэрауэ игъэбелджылащи, абыхэм я ахъшэкIэ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр ягъэлэжьэн хуейщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мы зэманым мылъкур къазэремэщIэкIым къыхэкIыу, щэнхабзэ лэжьыгъэ купщIафIэ яхузэтеублэркъым, зыхуеинум хуэдиз IэщIагъэлIхэр къащтэфыркъым. Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я улахуэхэр зэрамащIэри (КъБР-м ику иту ар сом мини 8-м зымащIэкIэ щыщIигъу къудейщ) къыхэкIыу, мы IэнатIэм еувалIэркъым лэжьыгъэм хуэшэрыуэ IэщIагъэлIхэр.

2010 гъэм Правительствэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ Премьер-министр Путин Владимир Къэрал Думэм къыщыщыпсалъэм щэнхабзэр псом япэ игъэщын хуейуэ жиIащ. Абы къыхигъэщхьэхукIащ 2012 гъэмрэ къыкIэлъыкIуэ илъэситIымрэ я бюджетхэр щызэхалъхьэкIэ ар къалъытэн, «Урысейм и щэнхабзэ» къэрал программэр зэхалъхьэн зэрыхуейр. Абы хыхьэн хуейщ щIыналъэхэри, куейхэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри, бизнесри. Дыщыгугъынщ абы фIы къыпэкIуэну. Ар щIэгъэкъуэнышхуэ хуэхъунут щIалэгъуалэр гъэсэным, цIыхухэм я зэхуэдэ лъапIэныгъэхэр, анэдэлъхубзэр, лъэпкъ щэнхабзэхэр хъумэным.

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядэлэжьэну IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырын зэрыхуейм къытезгъэзэжыну сыхуейт. Мы Iуэхум IэхъуэгъуэтегъэкIыу дыбгъэдыхьэнкIэ Iэмал иIэкъым: IэщIагъэлIхэм щIэныгъэ куу ябгъэдэлъын, дунейпсо динхэм хащIыкIын, иджырей хъыбарегъащIэ Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпыфын хуейщ. Сэ сызэреплъымкIэ, мы IэнатIэм пэрыувэ цIыхухэр ягъэкIуапхъэщ я IэщIагъэм щыхагъахъуэ еджапIэхэм. Апхуэдэ IэщIагъэлIхэрщ ныбжьыщIэхэр зэкъуэзыгъэувэфынур, ахэр гъуэгу тэмэм тезыгъэувэфынур, щIалэгъуалэ политикэр пхызыгъэкIыфынур.

Лъэпкъ куэд щыпсэу, дин зэмылIэужьыгъуэхэр щызекIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал политикэр зыщытещIыхьыпхъэр цIыхухэм шыIэныгъэ яхэлъынырщ, щIалэгъуалэр экстремизмым, нэгъуэщI мыхъумыщIагъэхэм ящыхъумэнырщ. Республикэм щыпсэухэм я процент 26,9-м я ныбжьыр илъэс 15-м къыщыщIэдзауэ 29-м итщ, абы къыхэкIыуи а къалэныр зэдгъэхъулIэным и мыхьэнэм нэхъри хохъуэ.

Зи гугъу тщIы Iуэхушхуэм, шэч хэмылъу, жыджэру хыхьэн хуейщ цIыхубэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. АрщхьэкIэ зэкIэ щэнхабзэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр мы лэжьыгъэм хэлIыфIыхьу тлъагъуркъым. Псори зэхэту КъБР-м жылагъуэ зэгухьэныгъэу 800-м нэблагъэ щытхащ. Абыхэм ящыщу 44-р щIалэгъуалэщ, арщхьэкIэ, ипэжыпIэкIэ, лажьэр апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм ящыщу 20-м зымащIэкIэ щIигъу къудейщ.

Республикэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ илъэс етIуанэ хъуауэ ди деж щагъэзащIэ «Ныбжьэгъугъэ» проектыр. А Iуэхум хэта ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я дежкIэ нэхъ мыхъуми, ар зэрысэбэпым шэч хэлъкъым. АрщхьэкIэ дыхуейт апхуэдэ Iуэхухэр нэхъыбэу жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм къабгъэдэкIыну. ИтIанэ мы жэрдэм гъуэзэджэм нэхъ зиубгъунт.

Лъэпкъхэр, къэралхэр нэхъ зэпэгъунэгъу щыхъу мы зэманым дэ гулъытэ щхьэхуэ хуэтщIын хуейщ дэтхэнэ цIыхуми жылагъуэ псом и пащхьэм щихь жэуаплыныгъэр зыхедгъэщIэным. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым сабийхэр псынщIэу балигъ зэрыхъур, ар зыщыщ лъэпкъым и нэмысыр ихъумэным, и хабзэхэр игъэзэщIэным щIэпIыкIын зэрыхуейр.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдэ гупсысэр программэ, зэман, мардэ пыухыкIам пхуигъэзэгъэнукъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ нобэ тхужыIэнукъым ныбжьыщIэхэр экстремизмымрэ национализмымрэ ящытхъумэн папщIэ еджапIэхэм, СМИ-хэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къарур ирикъуу къэдгъэсэбэпу. Къэрал IуэхущIапIэхэм нэхъ щызу къагъэсэбэпын хуейт абыхэм я зэфIэкIыр. ЖыIэпхъэщ щIыпIэхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ тэмэм зэрыщемыкIуэкIыр. Мы Iуэхум фэрыщIыгъэ халъхьэ е ар къэрадзэххэркъым. Абы щыхьэт тохъуэ цIыхухэм КъБР-м и Парламентми «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэми зыкъызэрыхуагъазэхэм къыщагъэлъагъуэхэр. Апхуэдэ зэIущIэхэм ящыщ зым цIыхухъу гуэрым губжьауэ сэ къыщызжиIауэ щытащ: «Брунейм и сультIаным ухуэзэныр нэхъ тыншу къыщIэкIынщ ди къалэм и администрацэм и Iэтащхьэм деж ущIыхьэфыным нэхърэ!»

Апхуэдэ Iуэхухэм цIыхухэр зэгуегъэп. Ар къэмыхъун папщIэ щIыпIэ унафэщIхэр гуащIэрыпсэухэм нэхъ ялъэIэсу щытын хуейщ. Абы къыдэкIуэу «Урысей зэкъуэт» партым и щIыпIэ къудамэхэм я лекторхэр цIыхухэм нэхъыбэрэ яIущIапхъэщ, абыхэм я Iуэху зытет ящIэн папщIэ. А партым и щIыналъэ къудамэм и политсоветым хэтхэр цIыхухэм нэхъыбэрэ яхыхьэ хъуащ. Апхуэдэ зэIущIэхэм ящыщ зым лIыжь гуэрым къыщыджиIащ: «Фэ фхуэдэ къулыкъущIэшхуэхэр ди къуажэ къызэрымыкIуэрэ илъэс 30 дэкIагъэнщ!».

Зи лIыкIуэхэр Парламентым хэт адрей партхэм ящыщхэми апхуэдэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIамэ, хуабжьу щхьэпэ хъунт. ИкIэм-икIэжым дэ псоми ди мурадыр зыхуэгъэзар зыщ - мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ щыгъэIэнырщ, республикэм и экономикэм зегъэужьынырщ, Iейм зезыгъэубгъуну хуей къарухэм гъуэгу емытынырщ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм ущытепсэлъыхькIэ къыхыумыгъэщынкIэ Iэмал иIэкъым щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ IэнатIэ егъэгъуэтыным иIэ мыхьэнэр зыхуэдизыр. Зи ныбжьыр илъэс 16-м къыщыщIэдзауэ 29-м ит щIалэгъуалэм я процент 26,2-р нэгъабэ IэнатIэншэу щытащ. Псом хуэмыдэу мы Iуэхур щыткIийщ къуажэм. Абы щыгъуэми, илъэс 20-м къыщыщIэдзауэ зи ныбжьыр илъэс 29-м нэс къуажэдэс щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я бжыгъэр 2005 - 2009 гъэхэм мини 10-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

ХьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэм щIыпIэхэм зыщрагъэубгъун хуейщ. Иджырей ныбжьыщIэхэм зэфIэкIышхуэ яIэщ, абыхэм я къарур къэралым къигъэсэбэп къудеймэ.

2008 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м КъБР-м и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм зыщIэгъэкъуэным и IуэхукIэ» къыдигъэкIа Унафэ №76-ПП-м ипкъ иткIэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курытхэмрэ я студентхэу, ахэр къэзыухахэу зи ныбжьыр илъэс 30-м нэмысахэм икIи хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ хэтхэу ятхахэм езыхэм я инвестицэ проектхэр пхагъэкIын папщIэ субсидиеу сом мин 300-м нэс ират. 2006 - 2010 гъэхэм апхуэдэ мурадым трагъэкIуэдащ сом мелуан 32,7-р, щIалэгъуалэ бизнес-проект 87-м папщIэ. А ахъшэм и процент 54-р мэкъумэш IэнатIэм хуозэ.

Абы къыдэкIуэу, ныбжьыщIэхэм нэгъуэщI Iэмалхэри ират езыхэм я Iуэху ирагъэжьэн папщIэ.

ЦIыхухэм IэщIагъэ щрагъэгъуэт IэнатIэхэри егъэфIэкIуэн хуейщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и лэжьакIуэхэм я зы зэIущIэм къыщаIэтащ республикэм невропатологхэр, реаниматологхэр, фтизиатрхэр, педиатрхэр хуабжьу къызэремэщIэкIым и Iуэхур. Абы щыгъуэми, къобэкI стоматологхэмрэ гинекологхэмрэ. Ардыдэр яхужыпIэ хъунущ экономистхэмрэ юристхэмрэ. А псоми къыхэкIыу КъБР-м къемэщIэкI IэщIагъэлIхэр егъэджэным теухуа къэрал заказ ягъэхьэзыр хъунущ. Ахэр егъэджэныр щIэныгъэ щрагъэгъуэт ди IуэхущIапIэхэм я пщэ далъхьамэ нэ хъыфIыжт.

Иужь илъэсхэм ныбжьыщIэхэр къэрал щIалэгъуалэ политикэм хэшэным иIэ мыхьэнэм хохъуэ. Республикэм къыщызэрагъэпэщащ ЩIалэгъуалэ правительствэ. КъБР-м и Парламентым и деж щыIэщ ЩIалэгъуалэ палатэ.

Си псалъэм и кIэухыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэ, хъыджэбз псоми захуэзгъэзэну сыхуейт мыпхуэдэу: фэ фщыщ дэтхэнэми гъащIэ гъуэгу тэмэм къыхихыфынущ, ар зыщывмыгъэгъупщэ. Дэтхэнэми хузэфIэкIынущ насыпыфIэ хъуну. «КIыфIыгъэм ухуэшхыдэу ущыс нэхърэ зы шэху уэздыгъэ цIыкIу пыбгъанэмэ нэхъыфIщ», - жиIащ Конфуций. Щхьэж хузэфIэкIыр ищIэмэ, кIыфIыгъэм зэрыхэщIынум сэ шэч къытесхьэркъым.

САЕНКЭ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэм ебакъуэу ядэркъым

Шэджэм районым и прокуратурэм зэхигъэкIащ Нартан къуажэм газыр щIыпаубыда щхьэусыгъуэр.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ газыр къезыт «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газ» ООО-м и заявкэкIэ, ар яхуэзыгуэш «Къэббалъкъгаз» ОАО-м и «Шэджэмгаз» къудамэм бадзэуэгъуэ кIуам и 13-м мы жылагъуэм и газ кIуапIэр зэхуищIащ. ЗытращIыхьар мазэ блэкIам и 1-м ирихьэлIэу нартандэсхэм щIыхуэу сом мелуан 61,9-рэ къазэрытехуарщ.

Ауэ мыбдежым къыщалъытакъым жылэм газыр зэрыпаубыдым къагъэсэбэпам и уасэр и чэзум зытхэр гугъуехьхэм зэрыхидзэр, ардыдэмкIи граждан законодательствэмрэ «Урысей Федерацэм газкIэ къызэрыщызэрагъэпэщым и IуэхукIэ» 1999 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдэкIа Федеральнэ законымрэ къагъэувхэр, законым и адрей пщалъэхэр, псалъэм папщIэ, унагъуэхэм газыр зэрыратым теухуауэ 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м УФ-м и Правительствэм и унафэ №549-мкIэ къащта Хабзэхэм я 45-нэ, 46-нэ пунктхэм, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэ Хабзэхэу 2006 гъэм накъыгъэм и 23-м Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэ №307-мкIэ къащтам и 80 пунктым щыубзыхуахэр къызэрызэпаудыр.

КъыщIагъэща ныкъусаныгъэхэм япкъ иткIэ, районым и прокуратурэм бадзэуэгъуэм и 14-м «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газ» ООО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм хуигъэуващ Нартан жылагъуэм газыр иритыжыну. КъищынэмыщIауэ, «Газпром -Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газ» ООО-м и республикэ къудамэмрэ «Къэббалъкъгаз» ОАО-м и «Шэджэмгаз»-мрэ захуигъэзащ и уасэр тэмэму зытхэм газыр зэрыпаубыдар къемызэгъыу къызэрилъытэм, апхуэдэхэр а гъэсыныпхъэмкIэ ирикъуу къызэрагъэпэщыну зэракъалэным теухуа исккIэ.

Жэуапым ирашалIэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Iэ щIидзащ спирт зыхэт шагъырхэкIхэр къыщIигъэкIыу Дзэлыкъуэ куейм щыIэ коммерцэ предприятэхэм ящыщ зым и унафэщI Б. зэрагъэкъуаншэ тхылъым икIи абы хуэгъэза уголовнэ Iуэхур район судым иратащ. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 199-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «б» пунктым къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ илэжьауэ (организацэхэм ятын хуей налогхэмрэ къыхаххэмрэ ящыщу куэд дыдэ щIэуфэн).

СЛЕДСТВИЕМ къызэрихутамкIэ, 2006-2008 гъэхэм къриубыдэу предприятэм и унафэщIхэм Дзэлыкъуэ районым и налог инспекцэм ирата налог декларацэм продукцэу къыщIагъэкIамрэ Iурагъэшамрэ зыхуэдизыр пэжу къыщагъэлъэгъуакъым.

КъБР-м щыIэ МВД-м и ЭКЦ-м иригъэкIуэкIа налог ревизэхэмрэ суд экономикэ экспертизэхэмрэ сэтей къызэращIамкIэ, а зэманым шагъыру ягъэхьэзырар зыхуэдизыр IуэхущIапIэм и Iэтащхьэм щIихъумащ, абы и зэранкIэ акцизхэм пэкIуэу, предприятэм и хэхъуэм техьэ налогыу сом мелуан 400-м щIигъу бюджет зэмылIэужьыгъуэхэм яIэрыхьакъым.

Ягъэкъуаншэр илъэси 6-кIэ ягъэтIысынкIэ хъунущ е сом мин 200-м къыщыщIэдзауэ мин 500-м нэс ирагъэпшынынущ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● ЗэIущIэхэр

Улахуэм хагъахъуэмэ, пенсэми щIагъу

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм мы гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэм щыхэплъэжа, къапэщыт къалэныщIэхэр щаубзыхуа зэIущIэр Iуэху гуапэкIэ къыщIадзащ - «2010 гъэм и страхователь нэ хъыфI» зэпеуэм щытекIуахэм дипломхэр иратащ. IэнатIэм и унафэщI Щауэжь Хьэсэнбийрэ абы и къуэдзэ Уэртэбей Тимуррэ Пенсэ фондым къызэрыдэлажьэм папщIэ бизнесым и лIыкIуэхэм фIыщIэ хуащIащ.

КъБР-м и страхователь 5869-м финанс-хозяйственнэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI икIи я лэжьакIуэхэм папщIэ страховой взносхэр ят. Иджыпсту ар сом меларди 2-рэ мелуани 116-рэ мэхъу.

Щауэжь Хьэсэнбий зэIущIэм кърихьэлIахэр зэпкърыхауэ щыгъуазэ ищIащ мазихым зэфIагъэкIахэм, адэкIэ къапэщытхэми гулъаригъэтащ. IуэхущIапIэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къигъэлъэгъуащ къулейсызыгъэм ебэныныр икIи ар зэфIэхыныр къыщIадзэнущ езы IэнатIэм и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ. Пенсэ фондым Iуэхутхьэбзэхэр яхуещIэ цIыху мини 181,2-м. Анэ (унагъуэ) мылъкум и сертификатхэр яIэрыхьащ цIыху мин 24-м щIигъум.

ЦIыхухэм я пенсэм хэгъэхъуэным теухуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм къыхилъхьа Iуэхугъуэхэр УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм нэсу зэфIигъэкIащ. Мы гъэм и япэ мазихым ику иту Къэбэрдей-Балъкъэрым щат пенсэм сом 511-рэ хэхъуащ икIи ар сом 6757-рэ хъуащ. Ику ит пенсэр ар зратыр псэун папщIэ Iэмал имыIэу зыхуеинум нэхърэ процент 1,6-кIэ нэхъыбэщ. КИФЩI-м ику иту щат пенсэр - сом мини 6, 9-рэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм - сом мини 7,6-рэ, Урысейм сом мини 8,2-рэ щохъу. Ику иту Урысейм щат улахуэр республикэм процент 76-кIэ, пенсэр процент 22-кIэ щынэхъ мащIэщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым ику иту щат улахуэм щыхэдгъэхъуэным яужь димытмэ, адэкIи нэхъри дакъыкIэрыхунущ, - жиIащ Щауэжьым. - Иджыпсту лажьэ пенсионерхэр мин 52-м щIегъу, абыхэм къахэхъуэ зэпытщ.

Щауэжьым къызэрыхигъэщамкIэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэ мин 15-м щIигъум страховой взносхэр и чэзум ятащ, ар нэгъабэ елъытауэ хуэдэ зырэ никъуэкIэ нэхъыбэщ икIи сом мелуани 103-м щIегъу. Фондым езым и хэхъуэми хъарзынэу щIигъуащ. Нэгъабэ и мазихым ар илъэс планым и процент 39,5-уэ щытамэ, блэкIа мазихым процент 45,7-м нэсащ. Абы и лъэныкъуэкIэ КъБР-м щыIэ Пенсэ фонд IуэхущIапIэр Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыпашэщ.

IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэхэу **БэлэтокъуэВладимир, Къазий Хьэсэнбий, Дыкъынэ Заремэ** сымэ я нэIэ зытет унэтIыныгъэхэм теухуауэ къайхъулIахэм, адэкIэ къапэщыт къалэнхэм тепсэлъыхьащ. Къалэдэс пенсионерхэм зэрадэлажьэм, мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэм, зыIууэ гугъуехьхэмрэ, ахэр зэфIэхынымкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ УФ-м Пенсэ фондым и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и Налшык къалэ къудамэм и унафэщI **Бэрсэдж Юрэ.**

Бэлэтокъуэ Владимир къызэригъэлъэгъуамкIэ, УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэм и къудамэхэр пенсэ яхуэгъэувыным, абыхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным ехьэлIа Iуэху 56767-м хэплъащ. Пенсэхэр, социальнэу ятхэр щагъэувым щыуагъэ 2056-рэ яIэщIэкIащ. Апхуэдэхэр щынэхъ мащIэхэм ящыщщ Тэрч, Iуащхьэмахуэ, Аруан къудамэхэр.

Пенсэ ягъэувын Iуэхур абы теухуа тхылъыр къыщатам щыщIэдзауэ махуи 10-м кърикубыдэу зэфIагъэкIыпхъэщ. Абы щыгъуэми мазищ зэман зытекIуэдахэри щыIэщ.

МахуипщIым кърикубыдэу пенсэ гъэувын IуэхумкIэ мазихым кърикIуахэмкIэ япэ итщ Налшык къудамэр (процент 84,3-рэ), Дзэлыкъуэ куейр етIуанэщ, абы кIэлъокIуэ Май, Iуащхьэмахуэ куейхэмкIэ къудамэхэр.

Дыкъынэ Заремэ къызэригъэлъэгъуамкIэ, илъэс къэс республикэм лэжьыгъэ пенсэр цIыху мини 10-м щыхуагъэув. Мин 80-м щIигъум я пенсэхэм хоплъэж.

Я лэжьыгъэм кърикIуахэм ириплъэжри, къудамэм и унафэщI Щауэжь Хьэсэнбий я къалэныр хьэлэлу езыхьэкIхэм фIыщIэ яхуищIащ. Абы къыдэкIуэуи къэкIуэнум Iэмал имыIэу гу нэхъ зылъытапхъэхэр къигъэлъэгъуащ, я ехулIэныгъэхэм кIэрамыгъэхуу ипэкIэ кIуэным я къару псори ирахьэлIэн зэрыхуейри жиIащ.

КъызэрызэIуахам хуэдэу, гуапэу иухащ зэIущIэр - УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ зыбжанэм бгъэхэIу дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр иратащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтхэм: **зэIущIэр щекIуэкIым.**
Тезыхар **КЪАРЕЙ Элинэщ.**

КIэлъыплъыныгъэм щIэту ягъэунэху

Чэнджэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр игъащIэми жылапхъэхэм щелэжь щIыналъэщ. Илъэс къэс ди республикэм мэкъумэш къэкIыгъэхэм я жылапхъэхэм гектар мин 12-18 щыхухах. Нэхъыбэу къагъэкIыр бжьыхьэсэ гуэдзымрэ нартыхумрэ я жылапхъэхэрщ.

1997 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къыдагъэкIа «Жылапхъэм и IуэхукIэ» Федеральнэ закон №149-ФЗ-м къызэригъэувым тету, Урысей Федерацэм и щIыналъэм къыщагъэсэбэпыну зэрыхуитымкIэ зыхуэфащэ тхылъхэр зыщIыгъу, ящэну я мурад лIэужьыгъуэу селекцэ ехъулIэныгъэхэмкIэ Къэрал реестрым хагъэхьа жылапхъэхэмрэ гибридхэмрэ ягъэунэхун хуейщ. Я щхьэ IуэхукIэ къагъэкI, кърахьэлIэ жылапхъэхэр зыхуэдэри ирагъэтхыну е ахэр зейхэм я лъэIукIэ я фIагъыр кърагъэпщытэну я къалэнщ. Зыхуэдизу щытынур езыхэм щхьэхуэу ягъэбелджылыж. А Iуэхутхьэбзэр «Урысейм и мэкъумэш центр» ФГУ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм зэфIегъэкI.

Урысей Федерацэм и правительствэм 2004 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа Унафэ №327-мкIэ къащта ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ Федеральнэ къулыкъум и Положенэм зэрыщыубзыхуам тету, экспертизэхэр, къэпщытэныгъэхэр, къэхутэныгъэхэр, гъэунэхуныгъэхэр, къэлъытэныгъэхэр езыгъэкIуэкI, зыхуэдэ лIэужьыгъуэр зэхагъэкIын папщIэ къыхэзых IуэхущIапIэхэмрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ я лэжьыгъэр зэкIэлъызыгъакIуэр республикэм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ и IэнатIэм жылапхъэхэм я щытыкIэхэмкIэ и къудамэрщ.

Зи гугъу тщIы Положенэм и 5.5.3. пунктым ипкъ иткIэ, жылапхъэ лIэужьыгъуэхэр щызэрахьэ хьэсэхэмрэ къэкIыгъэхэм я жылэхэр зыхуэдэмрэ къэпщытэныр Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ и къулыкъущIапIэм и унафэкIэ къызэрагъэпэщ. А лэжьыгъэм и зы Iыхьэщ жылапхъэ нэпцIхэм хуэсакъыныр, ахэр тэмэму къыхэхыныр, щыIэ хабзэхэм тету, гъэунэхуныр. Абы папщIэ, ди къудамэм и IэщIагъэлIхэм мэкъуауэгъуэ - шыщхьэIу мазэхэм кърикубыдэу къэпщытэныгъэкIэлъыплъыныгъэ Iуэхугъуэ зыбжанэ ирагъэкIуэкIынущ. Апхуэдэщ заявкэхэр зэрат, зэрагъэунэху пIалъэхэм зэрытетыр, а лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIкIэ щыIэ хабзэхэмрэ Iэмалхэмрэ зэрагъэзащIэр, езырезыру щхьэмыжыр къызыдидз къэкIыгъэхэмрэ хьэцэпэцэмрэ зытет хьэсэхэм зэрыкIэлъыплъым, къызэрапщытэм теухуа актхэр зэратхыр.

Мэкъумэш къэкIыгъэхэм я жылапхъэхэр щызэрахьэ хьэсэхэр зэщхьэщыхауэ къапщытэ. Абы хохьэ къэхутэныгъэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ жылапхъэхэм я лIэужьыгъуэмрэ тхыныр, къэкIыгъэхэр зыхуэдэр зэпэлъытынымрэ я щытыкIэр зэхэгъэкIынымрэ, ирагъэкIуэкI къэпщытэныгъэхэм я тхылъхэр гъэхьэзырыныр.

Къэпщытэныгъэхэм щIадзэн и пэ къихуэу, хаса жылапхъэ лIэужьыгъуэхэр зыхуэдэр зэхагъэкI, патент иIэмэ, ахэр къэзыгъэкIам зэгурыIуэныгъэ иращIылIэ. Апхуэдэу щахъумэ, щыхасэ зэманым нэгъуэщI лIэужьыгъуэ хэзэрыхьамэ зрагъащIэ, хьэсэхэр здэщыIэ щIыпIэмрэ абыхэм яубыдыр зыхуэдизымрэ ягъэбелджылы. Жылапхъэхэм ящымыщ хэзэрыхьауэ шэч ящIмэ, зыхуэдэ лIэужьыгъуэ елъытауэ къэкIыгъэхэр къыщыгъагъэ лъэхъэнэмрэ къехьэлIэжыгъуэмрэ япэ къихуэу, апхуэдэу щхьэмыжыр къыдидзу шэр щIэкIа нэужь, къэхутэныгъэхэм щIамыдзэ щIыкIэ, лейхэр хагъэкъэбзыкIыпхъэщ. Езыр-езыру щхьэмыжыр къызыдидзхэр нэгъуэщI хьэсэхэм пэIэщIэу зэрамыхьэмэ, жылапхъэу къалъытэркъым.

КъэкIыгъэхэм зэрызаужьым тещIыхьауэ ягъэува пIалъэм къитIасэу къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкI. Зэхуаку зэхуэдизхэм жэпкъ бжыгъэ пыухыкIахэм я щытыкIэр щызэпалъытурэ, языныкъуэхэр я лъабжьэмкIэ ягъэунэху. Жылапхъэхэмрэ къатепщIыкIхэмрэ я зыужыкIэм щыкIэлъыплъкIэ, къэкIыгъэхэр къыщапщытэ пунктхэм я бжыгъэм хьэсэхэм я Iыхьэ псоми хуэдитIкIэ щыхагъахъуэ. Я фIагъыр пхырхэр зыхуэдэр зрагъапщэурэ ягъэунэху. Къызэрахутэ пхырыр къыщыхахам деж щызэрапх, хозяйствэм, хьэсэм, къэкIыгъэм, жылапхъэм, щIы Iыхьэм зэреджэр, ар зэрыхъур, пхырыр къыщащта зэманыр зытет этикеткэр и кум иралъхьэ, и щIыбкIи кIэралъхьэ. Къызэрыхахрэ махуитI нэхъ дэмыкIыу, пхырхэр ягъэунэху. Абы щыгъуэм ахэр гуп щхьэхуэу ягуэш:

- ягъэунэху къэкIыгъэм и лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэм и пкъым зэрызиужьар;
- ягъэунэху къэкIыгъэм и адрей лъэпкъэгъухэмрэ лIэужьыгъуэхэмрэ я жэпкъхэр;
- къэкIыгъэ нэхъыщхьэм ипкъхэу нэсу зызымыужьахэр, узыфэхэмрэ хьэпIацIэхэмрэ зэуа жэпкъхэр.

Къызэрахутэ пхырыр къыхамыхыу щагъэунэхукIи апхуэдэ гупхэр къыхагъэщхьэхукI.

КъыхэгъэкъэбзыкIыгъуей удзыжьхэр, щхъухь зыхэт, зэран зыпылъ къэкIыгъэхэр зыхуэдэр ГОСТ-м егъэбелджылы. Щагъэунэхум къыхагъэбелджылыкIа лIэужьыгъуэ псори, ябжа нэужь, щхьэхуэу зэрапх. Лъэпкъ нэхъыщхьэм и жэпкъхэр щэ зырызурэ зэкIуэцIапхэ. ИужькIэ псори зэуIу ящIри, зэрагъэунэхуамкIэ актымрэ лъэпкъым и къабзагъэр зыхуэдэр проценткIэ зэрызэщхьэщыхамрэ щхьэхуэу къэзыгъэлъагъуэ номерыр зытет этикеткэр пхыр зэхэтым кIэращIэ. Щахъумэн папщIэ, пхырыр жылапхъэр щагъэкI хозяйствэм иратыж.

Зыгъэунэхум иIэщ зэфIигъэкI лэжьыгъэр зритхэ журнал. Абы къыщегъэлъагъуэ къэхутэныгъэр щригъэкIуэкI щIыпIэр, абы кърикIуахэмрэ тхылъхэр щаритыж зэманымрэ. Гъэунэхуныгъэхэм я актхэр «Урысейм и Мэкъумэш центр» ФГУ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм щыщIагъэбыдэн хуейщ. Ахэр экземплярищу ягъэхьэзыр: япэр - ар зейм, етIуанэр - къэхутакIуэм, ещанэр Урысейм и Мэкъумэш центрым и щIыналъэ IуэхущIапIэм къахуонэ. Губгъуэр къызэрапщытам и журналымрэ гъэунэхуныгъэм и актхэмрэ щIы Iыхьэр зейм ехъумэ.

IэнатIэхэм я зэдай комиссэхэм я нэIэ щIэту, къэпщытэныгъэ-кIэлъыплъыныгъэ Iуэхугъуэхэм зэрыщыубзыхуам тету, гъэунэхуныгъэ лэжьыгъэхэр дяпэкIи къызэрагъэпэщынущ.

АППАЕВ Сэфар,

● ДифI догъэлъапIэ

ГъащIэм уи къалэн къыщыбгъуэтыжыфын хуейщ

Щэнхабзэмк|э министрыр ик|и артистмэ, ар псоми зэрацIыхум шэч хэлъкъым. Апхуэдэщ Фырэ Руслани - лэжьыгъэу игъэзащIэр цIыхубэм ялъагъу. ИтIанэми, цIэрыIуэ щхьэкIэ, шыIэныгъэр зи хьэлым щытепщэ цIыхур зыми къыщыгурымыIуэ куэдрэ къохъу. Аращ мы махуэхэм илъэс тIощIищым ебэкъуа цIыху щIэщыгъуэм и ехъулIэныгъэхэр къитIуэ нэхърэ и гупсысэхэм газетеджэхэр щыгъуазэ тщIымэ, нэхъ къыщIэтщтар.

Ар уафэм къехуэха уи гугъэрэ уэ?!

<u>- Руслан, укъыщалъхуа махуэмкIи къыпхуагъэфэща цIэ лъапIэмкIи дынохъуэхъу, гуфIэгъуэ Тхьэм къыпхудигъакIуэ. ЦIыхур зыщIэхъуэпс дэтхэнэ зы плъапIэри уиIэщ уэ нобэ: узыншагъэ, IэщIагъэ, къулыкъу, пщIэ, мылъку, унагъуэ. Абыхэм языхэзри цIыхум дежкIэ насыпышхуэщ. Хэт зи фIыгъэу убжыр апхуэдэу гъащIэр къызэрохъулIар?</u>

- Дауи, зи фIыгъэр дыкъэзылъхуахэр, гугъу зыкъыддезыгъэхьахэр аращ. Сэ слъэгъуар си адэ-анэм я щапхъэращ. Ди адэм и IэмкIэ къилэжьыжыр дигъэшхыу дигъэпсэуащ.

Япэм мэзым «десятник» жаIэри къулыкъу гуэр щыIащ, цIыхуипщIым я унафэщIу: мэзым пхъэ къыщIашу, зэпахыжу, пхъэр пхъэбгъу ящIрэ зыщIыпIэ ирагъашэу - арат си адэр зэрылажьэр. ИужькIэ «Турист» АТП-м щылэжьащ. Си анэр школым егъэджакIуэу щылэжьащ.

Си адэшхуэхэри си анэшхуэхэри лэжьакIуэжьхэт. Си адэм и адэр Нартан дэст. Си ныбжьыр иджы апхуэдиз хъуащи, къызощIэж япэ дыдэу помидор мы Къэбэрдейм къыщихьар. Нартан къуажапщэм деж хъарбыз щыхасэу, дэ дысабийуэ ар къэдгъэкIуасэу зэрыщытари сощIэж.

Си анэм и адэр Тхьэщыгъуейхэ ящыщт, Зэрэгъыж дэст. Дэ школым «къулеижьхэмрэ тхьэмыщкIэхэмрэ» жаIэу дыщрагъаджэм щыгъуэ, «Тобэ ирехъу, си адэшхуэр къулеижьхэм ящыщщ» жысIэу сыкIуэжауэ щытащ. «Дадэ, уэ дауэ узэреплъыр къулеижьхэмрэ тхьэмыщкIэхэмрэ?» - жызоIэри соупщI си анэшым сыкIуауэ.

ЩIапIэшхуэ иIащ абы, псыIэрышэхэририжэу, мыIэрысей, кхъужьей жыгышхуэхэр иту.

Мэзым мей къыщIишу, а мейр хисэурэ абы мыIэрысей къудамэ дидзэжурэ игъэкIыу арат. Зэрэгъыж нэхъ ипщэщ, къуршым нэхъ пэгъунэгъущи, дадэ мэзым къыщIиша жыгхэм я лъабжьэр нэхъ кууиуэ хиубыдэрт, абы Iэрысэхэр дидзэжырти, жыг бэлыхьхэр иIэт. «Мы жыг хадэр зы махуэм Алыхьталэм къысхуридзыха къыпфIэщIрэ?» - жиIащ. Хыви жэми иIэт, и мэлхэр апхуэдизкIэ пшэрти, я кIапэхэр къахуемыхьэкIыжу гу цIыкIу кIэрыпхауэ абыкIэ къращэкIыу апхуэдэт. «Мыбы Iэщу дэтым щхьэкIэ, уэ укIуэу мэкъу усхуеуэрэ, ар къэпшэжрэ, ар зэтеплъхьэрэ, мы унэшхуэр згъэплъын щхьэкIэ, мэзым укIуэу пхъэ къысхуэпшэрэ?» - жиIат дадэ абы щыгъуэ си упщIэм и жэуапу. Сэ сыцIыкIут, ауэ къулеижькIэ зэджэхэм я нэхъыбэм я мылъкур я пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ къызэралэжьыжыр къызгуригъэIуэн и гугъэу жиIэу арат.

«Аращи, - жиIащ, - и Iэгур сигъэлъагъури, - апхуэдиз Iэщ, джэдкъаз бгъэшхэн щхьэкIэ нартыху дапщэ хэпсэн хуей. Ар хэпсэкIэ зэфIэкIрэ, нартыхур къэбгъэхъун щхьэкIэ псы щIэгъэлъэдэн, пщIэн хуейщ. Ауэ мес мор тхьэмыщкIэщ, - жиIащ, я хьэблэ гуэрым и унэмкIэ и Iэпэр ишийри. - И кхъуэщыныр къэчащи, кхъуэщын изот, дэкIуеи хъуэж жызоIэри. Сэ нэхърэ нэхъыщIэщ, нэхъ къаруу-фIэщ, нэхъ узыншэщ, ауэ а кхъуэщын естар зыщIыпIэ деж хыфIидзэжауэ щылъщ, уэшх къешхмэ, тас щIегъэувэ унэ кIуэцIыми, абы йолъадэ псыр. Мис ар тхьэмыщкIэщ», - жиIащ.

Дахагъэу си нэгу къыщIэнащ

А къуажэм щыщу шэщIэху маршынэр япэ дыдэу а унагъуэращ къызэрыхьар. Япэ дыдэу телевизор къэзыщэхуари си адэшхуэращ. Я хьэблэ сабийхэр я шэнт цIыкIу зырыз яIыгъыу: «Дадэ, кино деплъ хъуну?» жаIэрти, бжэIупэм деж къэувырт. «Иджыпсту нэмэз сщIынщи сынывэджэнщ» жиIэрти, сабий цIыкIухэр апщIондэху сабыр дыдэу абдеж щытт. ИужькIэ куэбжэ цIыкIур яхуIуихырт, дигъэхьэрти, Iэуэлъауэу, зэрызехьэу яхуимыдэу иригъэплъырт.

Нэмэзлыкъ зытетри щыхьым и фэр дахэу игъэгъужауэ апхуэдэт. И нэмэз щIыкIэри гупсэхугъуэт. Адыгэхэм къазэрыдекIуэкIым хуэдэу, Iэдэбу тIысырти, уеплъамэ уехъуапсэу ищIырт нэмэз. Ди анэшхуэри, Iуэхум къыдэхуэмэ, КъурIэныр къиштэрэ хуэм цIыкIуу еджэрэ игъэтIылъыжу зэрыщытар сигу къинэжащ. ПщIантIэм къэрабэ гъуэжь цIыкIухэр дэкIута фIэкIа умыщIэну дэзу къыщыкIырт, къаз шырхэр удз и пэбж жыхуаIэм хуэдэу дэту, щызекIуэкIэ щхьэприд-зыжу - а псор дахагъэу си нэгу къыщIэнащ.

ФIы бгъэжами, Iей бгъэжами, ухуозэж

Алыхьталэм цIыхум кърита тын хуей IитIыр къуищитакIэ, уи щхьэм зыгуэр илъу щытмэ, уэ уи увыпIэ, уи тIысыпIэ, уи къалэн - кIэщIу жыпIэмэ, узыхуэшэрыуэ гуэр мы гъащIэм къыщыбгъуэтыжыфын хуейщ. Езы цIыхурщ псори зэлъытар, сэ сызэреплъымкIэ. Ауэ уи къарур здынэсри зызупщытыфынури пщIэн хуейщ. Псалъэм папщIэ, сэ Эверест сыдэкIуеину сыхуейуэ щытми, сыдэкIуеифынукъым. Ар сщIэн хуейщ. АтIэ, сыкIэрыувэу абы сыдэпIэстхъейуэ щхьэ сыщытын хуей? Абы ямылейуэ сыщIэхъуэпсынкIи, си пщIыхьэпIэхэм хэтынкIи мэхъу абы и щыгум сихьэныр, ауэ пхузэфIэкIынур пщIэжын хуейщ. Сэ абы сыдэкIуеифынукъым, ауэ абы дэкIуеяхэм сефыгъуэу, сахуэпсалъэу сыдэткъым. «ЕIым-еI, мор дэкIуеящ, абы Iэмал гуэр къигъэсэбэпащ, е мор-мыр ирагъэшхати аращ щIыдэкIыфар» - жызыIэхэр щыIэщ. Зыгуэрым и Iуэхур фIы хъумэ, нэгъуэщIым ар и жагъуэ щхьэ хъун хуей? Зы республикэм дыщыщыпсэукIэ, абы ифI зетхуэмэ, тхузэфIэкIымкIэ ди щIыналъэм сэбэп дыщыхъупхъэщ. КъыбгурыIуэн хуейр зыщ: зы мафIэгум вагон куэд иIэщ. ИкIэ дыдэм ит вагоным уисми, ипэ дыдэ итым уисми, ар здэкIуэ къалэм и станцым псори зэгъусэу зы зэманым техьэнущ. Достоевскэм «ЦIыху дыхьэшхэным и пщIыхьэпIэ» фIищауэ рассказ иIэщ. Абы щыжеIэ: «Сэ пэжыр къызгурыIуащ: нэхъыщхьэр щIылъэм псори тэмэму щекIуэкIыныр аращ, абы щхьэкIэ дэтхэнэ зыми адрей цIыхур езым фIыуэ зэрызилъагъужым хуэдэу илъагъун хуейщ». Ар пэж нэгъэса жыхуаIэращ. Сэ псом япэ изгъэщыр лэжьыгъэращ, итIанэ, мыри узыфIэмыкIыжын хабзэщ: уяпэкIэ бгъэжа мывэм ухуозэж. Ди нэхъыжьхэм ар ауэ жаIакъым. ФIы бгъэжами, Iей бгъэжами, Iэмал имыIэу ухуозэж.

Ахъшэ Iуэхум теухуауэ. Сэ къулейуэ зыкъэслъытэжыркъым икIи сыкъулейкъым, узыщIэхъуэпсын хуэдэу, ауэ, псалъэм папщIэ, щIыхуэ сIахмэ е зы IуэхуфI гуэр щхьэкIэ нобэ зы сом згъэкIуэдмэ, етIуанэ махуэм къыздикIыр къызгурымыIуэу къысхохъуэж. Бэджыхьым и зы налъэ цIыкIу бгъэхъеймэ, псори мэхъей; дунейри зэрыщытыр аращ - псори щызэпхащ ди гъащIэм, аращи, зыри кIуэдынукъым. ЦIыхум къыщыхуихуэ щыIэщ «Сэ фIыуэ сщIэр сыту ямылъагъурэ» щыжиIэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэди къохъу, ауэ ар зыщIыпIи кIуэнукъым, псори зэгуэр и пIэ иувэжынущ.

Уи япэ упщIэм и жэуапымкIэ дгъэзэжынщи - си гъащIэм щызиIа ехъулIэныгъэхэм я къежьапIэр зи гугъу пхуэсщIа си нэхъыжьхэм сагъэлъэгъуа щапхъэхэращ, абыхэм я ущием акъыл къызэрыхэсхарщ.

Уи мыIуэху зепхуэным нэхърэ нэхъ гугъу щыIэкъым

<u>- ЦIыхухэм нобэ къулыкъущIэхэм дзыхьышхуэ ирагъэзэркъым, куэдым яхуошхыдэ, апхуэдэу щытми, уэ нэхъыбэм пщIэ къыпхуащI, фIыуэ укъалъагъу, апхуэдиз илъэсми уи цIэр зыкIи улъиякъым. Иджы, хабзэу къежьауэ, IэщIагъэм е щIэныгъэм я пIэкIэ, къулыкъу зыIэрагъэхьэну нэхъ йоIэ. Сыт хуэдэ чэнджэщ епытынт апхуэдэ гукъыдэж зиIэхэм?</u>

- Сэ си Iуэхур зэрыхъуаращи, еджэн къэдухыу мыбы дыкъэкIуэжа нэужь, гуп сызыхэсар сымыгъэжейуэ садэлажьэу, спектаклхэр згъэуву екIуэкIащ. ИтIанэ 90 гъэхэм республикэм Iуэху мыщхьэпэ зыкъом къыщыхъуащ. Абы щыгъуэми си гум илъ жысIа фIэкIа, нэгъуэщI сщIакъым. НетIэ зэрыбжесIащи, си адэ-си анэр игъащIэ лъандэри я къарукIэ, пщIэнтIэпскIэ псэужащ икIи къулыкъу къысхудэзыхыфыни апхуэдэ зыгуэркIэ къыздэIэпыкъуни сиIакъым.

Къулыкъу зыIэрызыгъэхьэну хущIэкъум чэнджэщу естынуращ: мы гъащIэм уи мыIуэху зепхуэным нэхърэ щынэхъ гугъу щыIэкъым. Щукиным и цIэкIэ щыIэ училищэм и адыгэ актер студием щIэдгъэтIысхьэнухэр къыхэтхыу иджыблагъэ Зэрэгъыж къуажэм дыщыIащ. Мыр щIэтIысхьарэт, адыгэ лъэпкъым ар Москва къыщыддалъэгъуарэт жысIэу зы хъыджэбз цIыкIу къахэкIащ дызыIущIахэм. Сыщепсалъэм: «Тхьэр арэзы къыпхухъу, си гуапэщ, ауэ сэ дохутыр сыхъуну сыхуейщ», - жиIащ. Арати, сэ: «Артисту улажьэмэ, икIи удохутырынущ икIи ушахтерынущ икIи уагрономынущ», жызоIэ. ТIэкIу къытесшэ хуэдэу хъуащ щыжысIэм, сегупсысыжащ: «Мыр игъащIэкIи зыхуэмей гуэрым хэзгъэхьэу, сэ абы зэран сыхуэхъуауэ дауэ зесхьэну ар сигукIэ» жысIэри икIи а цIыкIум и Iуэхур къэзгъэнэжащ. Ар щIыжысIэращи, дэтхэнэ зыри Алыхьталэм зыгуэрым къыхуигъэщIащ: хэт дохутырын хуейщ, хэт къулыкъущIэн хуейщ, хэти мэкъумэшым хэтын хуейщ. Узэлэжьым, узыпэрыт IэнатIэм фIагъ, IэфIыгъэ къыщыплъыхъуэн хуейуэ аращ. Сэ щIым къыхэкIым апхуэдизу сохъуапсэ, сытелэжьыхьыну сфIэфIщи, зэман сиIамэ, нобэ IуэхуфI дахэ куэд мэкъумэшым щызлэжьыфыну къысфIэщIырт. МыдэкIэ шы фIыуэ солъагъури, афIэкIа Iуэху симыIэу абы тренеру сыщыIами, сигури си псэри хэслъхьэнут. УздэщыIэр, узэлэжьыр фIыуэ плъагъун хуейуэ аращ. Сэ нобэ къулыкъу сыпэрытмэ, сыщIэлажьэр зы закъуэщ: щэнхабзэм пэрытхэм сэбэп нэхъ сахуохъуф, абдеж сытетмэ. Нобэ щэнхабзэм ишэчыр, зыIууэ гугъуехьхэр солъагъури, а сызытетым деж нэхъ щысхузэфIокI цIыхухэм садэIэпыкъун. Зыгуэрым фэтэр къыхудэтхыфамэ, зыгуэрым и улахуэм хэдгъэхъуэфамэ, зыгуэр зыщIыпIэ зыкъыщигъэлъэгъуэну тшэфамэ арат жыдоIэ. Мис, иджы дыдэ Правительствэм унафэ къищтащ шыщхьэIум щегъэжьауэ щэнхабзэм щылажьэхэм я улахуэр процент 30-кIэ, 40-кIэ хагъэхъуэну. Ар IуэхуфIщ, ар псапэщ.

Iуэху узыхуэлажьэм укъыхэкIыжа иужь, IейкIэ къыпхуэпсэлъэни къахэкIынщ, ауэ я нэхъыбэм «Ар щыIэху дызэхищIыкIащ, зэрыхузэфIэкIкIэ сэбэп къытхуэхъуфащ» къыпхужаIэмэ, абы щыгъуэм уи къалэныр бгъэзэщIауэ убж хъунущ. Аращ сэ Iуэхум сызэреплъыр.

ФIыи Iеи пхужыIэнущ «Черкес» фильмым щхьэкIэ

<u>- Республикэм ис интеллигент куэдым къалъытэ адыгэ кинематографие диIэжын хуейуэ. Ауэ щыхъукIэ, Къандур Мухьэдин и фильмым еплъахэр тIэкIу гуемыIуу псэлъахэщ, режиссерым и жагъуэ зыщIахэри къахэкIащ. Уэ «Черкес» фильмым ущыджэгуащ икIи Монакэ фестивалым кIуахэм уахэтащ, абы адыгэбзэкIэ укъыщэпсэлъауи хъыбар щыIэщ. ЛъэныкъуитIри зэригъэкIужын хуэдэу сыт пхужыIэн а Iуэхум теухуауэ?</u>

- СщIэркъым сэ ар апхуэдэу щIэхъуар. Монакэ дыщыIащ, кином тыгъи къратащ, мыбыи абы и презентацэ щекIуэкIащ. Кинор мыбы къэгъэнауэ цIыхухэр щегъэплъын хуеящ. Езы Мухьэдин сымэ мыбы щымыIэфми, артистхэр щыIэт, кинор щIидзэн ипэкIэ псалъитI-щы жаIэурэ тегъэпсэлъыхьами хъунут. Зымылъагъуфар куэдщ, щIэупщIэр куэдщ.

Залым щIэсу телефонкIэ кином копие тезыхыжам ар диск ищIауэ къегъэлъагъуэри, дауи, ар, езы фильмым хуэмыдэу, мыхьэнэншэ дыдэ хъуащ. Куэд щIакъым фильмыр Тыркум презентацэ зэрашэри, хэтахэри щыIащ, ауэ абы дагъуэ къыхуащIу зыщIыпIи щызэхэсхакъым.

<u>- Хамэ къэралхэм «Черкес» фильмым пщIэшхуэ щиIэщ, ауэ республикэм щытепсэлъыхьыр куэдщ, тхыгъэ гуэрхэри утыкум илъащ совет зэманыр уигу къигъэкIыжу...</u>

- Ар ищхьэкIэ зи гугъу сыщыщIахэм ящыщщ - зыгуэр цIыхум и ехъулIэныгъэм щхьэкIэ абы догуфIэ, адрейм ар хузэфIэкIыркъым. Къапщтэмэ, фIыуи Iейуи куэд пхужыIэнущ а кином щхьэкIэ. Ауэ дэ абы фIыуэ къытхуихьар пхужыIэнукъым, апхуэдизкIэ куэдщ абы и сэбэпынагъри. Адыгэхэр Хэкум щиIэпхъукIам зыхэта бэлыхьхэр, лъэпкъым игъэва хьэзабхэр къигъэлъэгъуащ. Ар уфIэмащIэ?! Фильмыр куэд дыдэм ягу зэрырихьар наIуэщ.

А ятха жыхуэпIэм теухуауэ. Пэж дыдэу, совет зэманым нэхъей, зыгуэр щхьэкIэ тхьэусыхэрэ парткомым ирагъашэу, абыкIэ Iуэхур зэфIэкIын хуэдэ. Сыт тхыгъэ ятхамэ?! Уэ апхуэдэу уи гугъэщ, адрейр Iуэхум зэреплъыр нэгъуэщIыщ. Абы щхьэкIэ зыми зигъэгусэн хуейкъым.

Республикэм къакIуэ псори къыбгъэхьэ хъунукъым

<u>- Ди зэхэтыкIэр Голливудым зэIигъэхьэу зэрабжыр щэхужкъым: ди зыхуэпэкIэми, псэукIэми, хьэгъуэлIыгъуэ нэгъуни къыхозэрыхь американ хабзэхэр. Ди театрым кIуэнухэми хамэ къэралхэм я псэукIэм теухуа спектаклхэр яужэгъуащ, ди бзэкIэ зэдзэкIами, абыхэм адыгэ гъащIэр къагъэлъагъуэркъым. Сыт дэ хамэ щэнхабзэм пэдгъэувыну диIэр?</u>

- Сэ кином сытепсэлъыхьыфыну зызбжкъым, ауэ Урысей кином и ныкъусаныгъэ нэхъыщхьэр сыт жыпIэмэ, ар Голливудым дэжэну зэрыувар арауэ къысфIощI. Ар узыхуэмей Iуэхущ. Нобэ ди республикэм къакIуэ уэрэджыIакIуэ къомыр зэхэпхыркъэ уэ хэтми я унэцIэкIи, сыткIи? УзэдаIуэ мыхъунщ я нэхъыбэр. Иджы абыхэм япэбгъэувыну къащтэт Ташло Алий, - абы и макъым и дахагъыр, и лъэщагъыр щызэхахащ хамэ къэрал Iэджэми, Iэгуауэшхуэхэр щыхуаIэту концертхэр щитащ. Абы иджыпсту концерт Театр ЩхъуантIэм щебгъэтынущи, зи цIэр жытIэну дыхуэмей мо уэрэджыIакIуэхэм ейхэм зэрыкIуэм хуэдэу абы ейм кIуэнукъым цIыхухэр. Гугъущэ зумыгъэхьу, «АтIа-тIа-тIа» жыпIэу утыкум уитыну нэхъ тыншщ, уи макъыр и лъэщагъ псомкIи бгъэлажьэу цIыхухэм уэрэд яжепIэным нэхърэ. Япэрейм нэхъ дахэу зыгуэр пэгъэувын хуейщ.

ИтIанэ сэ къыхэслъхьэнуращ: республикэм къэкIуэну гукъыдэж зиIэ уэрэджыIакIуэ псори мыбы къибгъэхьэ хъунукъым. Ар антимонопольнэ IуэхущIапIэм депсэлъэнурэ, зэфIэдгъэкIынущ. Дэ дыхуиткъым зыгуэрым «Уэ уэрэд жумыIэ» жетIэну, ауэ абы и утыку итыкIэм дахагъэм и мардэхэр цIыхум щыфIигъэкIуэдкIэ, и гъэсэныгъэм зэран щыхуэхъукIэ, абы пщэдей зыгуэр гъуэгу пхэнж тригъэувэнкIэ уигъэгузавэмэ, ар апхуэдэу щыбгъэт хъунукъым. Иджы зы унафэ гуэр къыдэдгъэкIыну ди гугъэщ, «Концерт Iуэхухэр гъэтэмэмыным теухуауэ» («Об упорядочении концертной деятельности») и псалъащхьэу.

<u>- Псори зэлъытар цIыху къэс езым къыхихыж фIым и мардэхэрамэ, абы унафэ хуэпщIыфыну? Щэнхабзэр езыр унафэ гуэрым щIэбгъэувэфын Iуэху зехьэкIэу щыт?</u>

- Щыткъым, щэнхабзэр унафэкIэ зебгъэкIуэфынукъым, ауэ ар зи лэжьыгъэхэр я Iуэхухэр хабзэм тету къызэрагъэпэщу пхуэщIынущ. Щэнхабзэр цIыхум зыхегъэлъхьэн хуейуэ аращ. Сабий садым, школым щадэлэжьэн хуейщ. Дауэ щэнхабзэм унафэ зэрыхуэпщIынур, ауэ лей зэрихьэным, гущIэгъуншагъэм, хьэбыршыбырагъым нэрылъагъу цIыхур тезыгъэгушхуэм и гъуэгур хабзэкIэ зэпыупщIын хуейщ. Щэнхабзэм унафэ хуэсщIынуракъым сэ, нэхъыфIым хуэзунэтIынуращ, ауэ фIыуэ къыхэжахэм Iэмал имыIэу дэIэпыкъун хуейуэ собж.

Сегупсысынщи... ныфхуэстхынщ

<u>- Узэджэну, узэлэжьыну сыт нэхъ удэзыхьэхыр?</u>

- Сэ иджыпсту нэхъ сыдэзыхьэхри сызэлэжьри ди адыгэ тхакIуэхэм ящыщу зи тхылъри дахэ-дахэу и зэманым къамыщтауэ, цIыхухэми нэгъэсауэ къамыщIыхуауэ, ауэ нобэрей ди зэманым къезэгъыу сыбжхэм я IэдакъэщIэкIхэрщ. Я тхыгъэхэр театрым къезгъэзэгъыну сыщыгугъыу тхакIуэ гуэрхэр щыIэщи, ахэр ди планхэм хэдгъэхьэну ди мурадщ.

«Режиссерскэ эксперимент» жыхуаIэм хуэдэ сщIыну сыхуейт, къарурэ зэманрэ схурикъумэ. КIашэ Адэлджэрий теухуауэ Думэн Мурадин пьесэ гуэр итхати, абы седжащ. ЯукIи къаукIыжи хэтщ, ауэ «Кабардинкэри» хэзгъэхьэу, ди сурэтыщI нэхъыфIхэри сэбэп къытхуэхъуу, театрым и къару нэхъ инхэри етшалIэу, дэ деплъынуи нэгъуэщI лъэпкъым ебгъэлъагъунуи уримыукIытэу апхуэдэ спектакль сщIарэт жызоIэ. Е Адыгэ Тенджыз и «Къэрэкъурэм» хуэдэ, а нетIэ жыхуэсIам хуэдэу гулъытэншэу къэна, яIэщIэхуа тхылъхэр - апхуэдэ зыгуэрхэращ иджыпсту сызэлэжьри сыдэзыхьэхри.

<u>- Уи адэшхуэм и унагъуэм и гугъу пщIат нетIэ. Уэ къохъулIа унагъуэр куэдкIэ къыщхьэщыкIрэ ущапIам?</u>

- КъыщхьэщокI, дауи. Сэ нэхъ сащышынэрт, сафIэлIыкIырт си адэ-анэм. Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я зэхуаку пщIэшхуэ дэлъащ япэм. Нобэрей зэманым, дауи, къыхелъхьэ езым и ныкъусаныгъи фIагъи, ауэ илъэс тIощIым сызэрыхуарагъэнэщ блэкIа зэманхэм фIы куэд ядэкIуэдауэ сыщIегупсысыр. Пэжщ, блэкIа куэдеймкIэ упсэу хъунукъым. Упсэун хуейщ нобэ Темыркъан Юрэ уригушхуэу, Къып Мухьэмэд хуэдэ дызэриIам уригуфIэу. Псалъэм папщIэ, Къып Мухьэмэд «Къаплъэныфэ зыщыгъ зауэлI» тхыгъэм хуищIа сурэтхэм хуэдэ куржыхэм ямыIауэ ябжри, музейм щIалъхьэжащ. Ар щапхъэ уи хъун хуейкъэ щIалэгъуалэм я дежкIэ.

<u>- Си упщIэр апхуэдэу жыжьэ Iэбэртэкъым, уи унагъуэм утегъэпсэлъыхьыну арат...</u>

- Сэ нобэ унэм щIэсым илъэс тIощIрэ пщыкIутхурэ хъуауэ сыдопсэу, бынитI диIэщ, щIалэр мэлажьэ, хъыджэбзыр унагъуэ ихьауэ Москва дэсщ, абы зы щIалэ цIыкIу иIэщи си цIэджэгъущ, ауэ илъэс щэ ныкъуэ ди зэхуакущ. Ди хъыджэбз Роксанэ ТуризмымкIэ министерствэм щыIащ, ауэ иджыпстукIэ лажьэркъым. Астемыр Къэзыбжь Палатэм щолажьэ. Ди Iыхьлы благъэхэм дакIэлъокIуэ, дызэрощIэ, зыри дымыгъэкIуэдауэ.

<u>- Языныкъуэхэм цIыхубзым лэжьыгъэ, IэнатIэ, пщIэ зригъэгъуэту гъуэгу щхьэхуэ пхишыжын хуейуэ ябж. Адрейхэм, псалъэм папщIэ, Толстой абыхэм ящыщщ, ар и щхьэгъусэм и гъащIэм «хэткIухьын» хуейуэ къалъытэ. Дэтхэнэр нэхъ пфIэзахуэ?</u>

- Сэ къызэрезгъэзэгъымкIэ, цIыхухъур цIыхухъуу щытын хуейщ. ЦIыхубзыр лажьэми мылажьэми, Алыхьталэм цIыхубзу къыщигъэщIакIэ, игъуэтын хуей пщIэр игъуэтыну и унэм щIэмыкIми, и унагъуэм исхэм яхуэпщафIэу, я щыгъынхэр зэригъэзахуэу, унэлъащIэхэр дахэу зэрызэрихьэным егупсысу. IэнатIэ иIэу, лэжьыгъэшхуэ илэжьу цIыхум хэтми, абыкIи пщIэ къилэжьын хуейщ. Ауэ, сэ сыкъапщтэмэ, нэхъ къызощтэ цIыхубзыр унэм нэхъыбэрэ щIэсмэ, ерыскъы IэфI и бынхэм, и щхьэгъусэм яхуипщэфIу, ахэр зыхуей хуигъэзэу.

<u>- Ди газетым къеджэм я бжыгъэр дауэ хэдгъэхъуа хъуну, сыт хуэдэ чэнджэщ къыдэптын?</u>

- Пэжым ухуеймэ, фи газетыр икъукIэ гъэщIэгъуэну къызолъытэ сэ. Ар уэ узэрызыщысыракъым щIыжысIэр. КъыщIэслъытэри? Тхыдэм, пасэрей адыгэхэм, лIыхъужьхэм ятеухуауэ къытехуэхэм сфIэгъэщIэгъуэну соджэ. ЦIыхубэм факIэлъыплъу, къыщалъхуа махуэхэр зэвгъэщIу, цIыхухэм ящIэн хуейхэр, гу нэхъ зылъатапхъэхэр къызэрытевдзэр, ари адрейхэм ямыIэу гъэщIэгъуэну къызолъытэ. «Ленин гъуэгум» къытекIри, «Адыгэ псалъэ» хъуащ - мис абы къощ фи зэхъуэкIыныгъэхэр, аращ сэ сызэреплъыр. ЛэжьапIэми къыщысхуокIуэ, театрми къытхуокIуэ, абы емыджэхэм куэд яфIэкIуэду къысщохъури, Тхьэм фригъэфIакIуэ, нэхъыфIым Тхьэм фыхуишэ!

<u>- Тхьэр арэзы къыпхухъу, ауэ нэхъыфI пщIы мыхъун зыри щыIэкъым...</u>

- Пэжыр жыпIэмэ, мыр дауэ нэхъыфI пщIы хъуну пIэрэт жысIэу сегупсысакъым, ауэ сегупсысынщи... ныфхуэстхынщ!

Епсэлъар **ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэщ.**

Фырэхэ зэщхьэгъусэхэу Русланрэ Майерэ я пхъурылъху Руслан я гъусэу.

Фырэ Руслан и къуэ Астемыррэ ипхъу Роксанэрэ я гъусэу.

Щхьэгъусэр мыарэзыуэ упсэуфыну?!

<u>«ЦIыхубзыр розэм ещхьщ, - жиIащ Iущ гуэрым, - нэгъэсауэ зыхуей хуэбгъэзэфмэ, мэгъагъэ, укIэлъымыплъыфрэ - мэгъуалэ». Фырэ Майе и теплъэм къеIуатэ къылъыса гулъытэм и инагъыр. ЦIыхубзым сытри хущIэхъумэнущ: ныбжьри, пэжри, пцIыри, ауэ щхьэгъусэкIэ насыпыфIэмрэ насыпыншэмрэ зэи зэхэгъуэщэнукъым.</u>

- КУЭДРЭ сыкъоджэ «У и щхьэгъусэр сыт ху эдэу щытыну уэрыхуейр?» жаIэу цIыхубзхэм еупщIу. Псоми ятыр зы жэуапщ: «Нэхъыщхьэу сыбжыр сыкъигъэпэжынращ». Сыту пIэрэ мы «къэгъэпэжыным» кърагъэкIыр жысIэурэ, Iэджэрэ сегупсысащ: нэгъуэщI цIыхубз зыдримыгъэхьэхыныр ара къэгъэпэжыныр? Иджы нэхъ къызгурыIуэ къысфIощI абы къикIыр.

ЦIыхум удэпсэуурэ къыбгуроIуэ абы, уэ уэмылъытауи, езыр зэи зыфIэмыкIыну гъунапкъэ гуэрхэр зэриIэр. Руслан унэм щIэубыдауэ щIэс цIыхухъухэм ящыщкъым - мы жылэм пщыхьэщхьэм лэжьэн яух, абы жэщри дегъакIуэ. Ауэ лэжьыгъэ IуэхукIэ сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэ абы и гъащIэм къыщымыхъуами, унагъуэр абы и дежкIэ быдапIэщ, къыхуэгъэнкIэ Iэмал имыIэу. И щIыбагъ къыдэтхэм ятеухуауэ и гур сытым деж и мамыру щытыныр, езым и Iыхьлыр зыхуей хуэзэныр абы зыхуигъэувыжа къалэн ткIийхэм ящыщщи, арауэ къысфIощI дяку дэлъым лъабжьэ быдэ хуэхъури, «Зэи къопщIыжынукъым» жиIэм къикIри.

Апхуэдэурэ, дызэдэуэршэрурэ, къэсщIащ лъагъуныгъэкIэ зэджэ гурылъым и купщIэу Майе къилъытэр - ар цIыхум и дуней тетыкIэр, къыхих гъуэгур, псэукIэр, гупсысэкIэр къабыл пщIыуэ уэри абы угуэувэныр зэрыарар. ФIыуэ плъагъур уигу ирихьмэ, абы депхьэкI гъащIэри тыншщ, махуэ къэс зызыхуэж зэхущытыкIэр зэзэмызэ лъэныкъуабэми, мыхьэнэ зимыIэр IубогъэнкIуэтыфри, нэхъыщхьэм и уасэр щIэрыщIэу къыбощIэж.

- ЦIыхубз гуэрхэм жаIэу ущрихьэлIэ щыIэщ «Сымаджэщым сыщIэльати, си щхьэгъусэр зэ нэкIуакъым». Ар дауэ, апхуэдэу пщIэ хъуну? ГъащIэм дакIикъэ хэлъэтыкIа гуэрхэр хэтщ, Iэпэдэгъэлэлу ухущыт, къыпфIэмыIуэ ху мыхъуну. Сыкъыщалъхуа махуэр щыгъупщэжын жыхуэпIэр сигу къэкIыххэркъым. Ауэ сфIэтелъыджэу си щхьэгъусэ хэлъ хьэлхэм ящыщщ абы къызэригугъэкI махуэм щхьэусыгъуэ къыхуигупсысу махуэшхуэ къызэрыпхухищIыкIыфыр. Ар езыр гу пцIанэщи, сытри егъэлеяуэ кууууэ зыхещIэ, езыми и гукъэкIхэр къагурыIуэмэ фIэфIщ. Аращ цIыхухэр щIызэдэпсэури, армыхъумэ «Сэ абы нобэ зы удз гъэгъа Iэрамэ къысхуихьати!» жыпIэу зэрызыбгъэщIагъуэр аракъым. Руслан удз Iэрами къыпхуихьыфынущ, ауэ нэхъапэр гъащIэм ущигъэгузавэ сыхьэтхэм деж зыкъыпщIэзыгъэкъуэн узэриIэр пщIэнырщ. Абы нэхъыщхьэ щыIэкъым. ГъащIэм Iуэху гуэрхэр къыщохъу уи закъуэ ухэмытыфыну, уи къарум къимыхьу, ущхьэгъусэм псэкIэ ухуэныкъуэу, и гулъытэ ухуейуэ. Мис апхуэдэхэм деж щхьэгъусэм уи гур мамыру щигъэтмэ, унагъуэщ.

Езы Майе илъэс тIощIым нэблэгъауэ Театрым и лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм щолажьэ, илъэс кIуам ар абы и унафэщIу хахащ. Езым зэрыжиIэмкIэ, абы и щхьэгъусэм езым зэрихуэ Iуэхум апхуэдизкIэ удрегъэхьэхри, мыбы щымылэжьами, гъуазджэм и гъунапкъэхэм икIыну къыщIэкIынтэкъым. Унагъуэ Iэджи уольагъу: лъым зы Iуэху зэрехуэ, фызыр нэгъуэщI зыгуэрым дехьэх. Фырэхэ апхуэдэу щыхъункIэ Iэмал зимыIэщ: лъым ищIэм фызыр кууууэ хэпщIауэ щыт зэпытщ.

Ауэ къулыкъукIэ сыт хуэдизу лъагэу зимыIэтами, унагъуэ IуэхукIэ хуэмыху цIыхубзым зэи пщIэ нэгъэса игъуэтынукъым. Майе унэгуащэ нэгъэсауэ щытыныр къыщызыгъэпсэлынщIэхэм ящыщщ абы унэ зэлъыIухынрэ пщэфIэнрэ зэрыфIэфIыр. Ауэ сытми и къалэн игъэзащIэ мыхъуу, а Iуэхухэм теухуа тхыгъэхэр щIиджы-кIырт, щIэуэ къежьэ псоми зригъэсэну хэтт. Ар зыщIэ Руслан зэгуэрым шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я гъэхьэзырыкIэр зэрыт, революцэм ипэкIэ къыдэкIа пасэрей тхылъ гуэр копие иригъэщIри, Москва къыхуришауэ щытащ. Ар къыпхуэмыIэтыкIыу хьэлъэт.

- Руслан пщэфIэнкIэ зэи гугъу сригъэхьакъым, пщIыр IэфIмэ, арэзыщ, сабийхэм мыхьэмыщ нэхъ яIэт. Ауэ диIэлам дыщIиIэр хьэщIэу къытхуэкIуам я псалъэ гуапэхэращ - ди IункIыбзэIухыр бжэ щIыхьэпIэм деж зыхуейм къыщигъуэту дыпсэуащ. Шэшэным зауэ къызэрыщыхьуу, абы дыщыпсэуху ныбжьэгъу къытхуэхъуахэм я щхьэр ди республикэм къахьащ. Автобус псо хъууэрэ къакIуэхэрт, жэщ-махуэ ямыIэу, дэри тхузэфIэкI яхуэтщIащ. ФIыщIэшхуэ яхуищIу Майе игу къегъэкIыж и гуащэтхьэмадэр.

- Адэ-анэ Iущ иIащ си щхьэгъусэм. Япхъуу фIэкIа зэи сыкъалъытакъым, апхуэдизкIэ фIыуэ дызэрылъагъурт, пщIэ зэхуэтщIырти.

Руслан езыр щыIэныгъэшхуэ зыхэль цIыхущ, зыми зыкIи зыкъримыгъэщIэу псори игукIэ егъэв. Апхуэдэ цIыхум, гъуазджэм зэрыхэтри дыщIыбгъужмэ, и псэм зыкъыщитIэтэн щыпIэ гуэр имыIэу хъуркъым. Дэтхэнэ зыми ещхьу, ар зыхуэныкъуэ гупсэхугъуэр унагъуэм щигъуэту къыщохъуэ.

Сабийхэм Руслан зэрахущытыр Iуэху щхьэхуэщ. Ауэ пхъурылъху зэригъуэтрэ, Майе зэрибжымкIэ, къуэ зэриIэри щыгъупщэжащ:

- Зы пхъурылъху закъуэ диIэу аращ. Ар и адэшхуэм апхуэдизкIэ ещхьщ, я гупсысэкIэкIи, я теплъэкIи, яфIэфIыфIэмыфIкIи, я гушыIэкIэкIи зыкIэ зэтохуэри, зэрызэцIэджэгъу хэтыжу, зэзэмызэ дегъэгуавэ, гу Тхьэм зэщригъахуэ, жыдоIэ. «Дунейм тету хъуам Дидэ нэхърэ нэхъыфIу зыри слъагъуркъым», жеIэ езы цIыкIуми. «Дидэ» фIэкIа Iуэху иIэкъым. Бынхэр ткIиуэу зэрысIыгъам зэзэмызи сыхущIогъуэж. СызыщыгуфIыкIыр зыщ: ди адэр цIэрыIуэщ е къулыкъущIэщ жаIэу ди бынитIыр зэи къызыфIэщIыжакъым. Iэджэрэ уольагъу унагъуэм тIэкIу зиужьамэ, щIалэ дыдэхэр дэпсэлъейуэ, нэхъыбэхэм япэпсэлъэжу щыхъу. Сабийхэм я адэм апхуэдэ зэи яхуимыдэну арат. Дэри дэтхэнэ унагъуэми дыхуэдэу аращ: долажьэ-дошхэж, дызодауэ-дызокIуж, нобэ си Iуэхур докI жыпIэу ямылейуэ зыщIэпщIын щыIэкъым.

Майе и хьэлым гъэщIэгъуэну щызэхуэхуэнащ адыгэ цIыхубз насыпыфIэм нэхъыщхьэу дэплъагъур: ар хуиту мэгупсысэ, ауэ ... лъым хуеплъэкI зэпытщ. «ЦIыхубзыр зэрыщытыпхъэм, щхьэгъусэм и дуней тетыкIэр зыхуэдэн хуейм теухуауэ Руслан къигъэув пщалъэхэр апхуэдизкIэ лъагэу сесащи, сызыкIэлъыплъыж зэпытщ. Абы и хьэлым гъэщIэгъуэну хэлъхэм ящыщщ къыбжимыIэу зыхуейр къызэрыбгуригъэIуэфыр. Щхьэгъусэр мыарэзыуэ упсэуфыну?! Ди насыпщи, тIуми унагъуэм теухуауэ диIэ гупсысэхэр зэтохуэ, абы гъащIэри зэхущытыкIэри нэхъ тынш ещI, уигури мамыру щегъэт».

● **Ныбжьэгъухэм я псалъэ**

<u>**Шыбзыхъуэ Басир,**</u> <u>*Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унафэщI:*</u>

- Русланрэ сэрэ блыщI гъэхэм дызэрыцIыхуащ, абы ипэкIэ зэи дызэрымылъэгъуауэ. Абы лъандэрэ ди зэхуакум псалъэмакъ зэи къыдэхъуакъым, дызозэгъ, тIури арэзы дыпщIыну мытынш пэтми. Ар режиссеру, сэ сыактеру лэжьыгъэ куэд зэдэтщIащ. АпхуэдизкIэ тыншу зыр адрейм зэхэтщIыкIырти, зыгуэр жиIэну къыщригъажьэм, сэ зыхуейр къызгурыIуэрт. СщIэркъым, гъащIэм сыхуэарэзыщ жыпIэн хьэмэрэ Тхьэшхуэм сыхуэарэзыщ жыпIэн, апхуэдэ ныбжьэгъу, цIыху пэж къыздэгъуэгурыкIуэну къызэрызитам щхьэкIэ. Дызэдэдеджащ, дызэдэлэжьащ, абы срогуфIэ икIи срогушхуэ. Иджыри лэжьыгъэ зыкъом зэдэтщIэну ди гугъэщи, Тхьэм къыдигъэхъулIэ.

<u>**Къумахуэ Мухьэдин,**</u> <u>*«Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и унафэщI:*</u>

- Сыт хуэдэ цIыхури зыгуэрым къыхуалъхури а къызыхуалъхуар къигъуэтыжу абы щыхуэлажьэм и деж, а цIыхум нэхъ сэбэп къэзыхь бгъуэтынукъым. Руслан мис апхуэдэ цIыхущ. Япэрауэ, шэч хэмылъу, режиссер гъуэзэджэщ. ЕтIуанэрауэ, езыр цIыху телъыджэщ, хэбдзын хэмылъу, гуапагъэр, IэфIагъыр зищIысыр ищIэу, цIыхум псалъэ къыхуигъуэтыфу.

Фырэ Руслан спектакль куэд игъэуващ икIи пщIэ зимыIэ, зи цIэр мыIуа абыхэм яхэткъым. Режиссер IэщIагъэ и лъэныкъуэкIэ Руслан сэ сытепсэлъыхьыну къыстехуэуи къыщIэкIынкъым, ауэ псом хуэмыдэу сэ къыхэзгъэщыр ар зэрыцIыху щэджащэращ. Къыщалъхуа махуэр зэригъэлъапIэрэ куэд щIакъыми, узыншагъэ быдэ иIэу иджыри куэдрэ адыгэ щэнхабзэм хуэлэжьэну Тхьэм жиIэ.

●Джэрпэджэж

Адыгэбзэр хэкIуэдэжыркъым!

«Адыгэ псалъэ» газетым и къыдэкIыгъуэ щIагъуэ блэкIыу къыщIэкIынкъым анэдэлъхубзэр щытыкIэ гугъу зэрихуам теухуа тхыгъэ темыту. Абыхэм ящыщ зыщ иджыблагъэ Хьэх Сэфарбий къытрыригъэдза «Адыгэбзэр къедывгъэгъэл!» тхыгъэри. Мыбдежым тхакIуэм и Iуэху еплъыкIэр сфIэзахуэкъым, уеблэмэ адыгэбзэр хэкIуэдэжу щыжиIэкIэ хуабжьу ирегъэлей. Адыгэбзэр зрагъэщIэныр, абыкIэ псэлъэныр зэи цIыхухэм паубыдакъым, хэгъэзыхь Iуэхум хэлъкъыми, хуейм и анэдэлъхубзэр къегъэсэбэп. Хьэхым тхыгъэм къыщиIэт Iуэхугъуэхэр лъэпкъ псом хуэгъэзауэ жыпIэнри сфIэтэмэмкъым. Сэ сызэреплъымкIэ, ар зытеухуар хамэ къэрал щыIэ ди лъэпкъэгъухэмрэ Налшык къалэ, Прохладнэ, Май районхэм щыпсэу адыгэхэмрэщ.

«БЗЭР ТIЭЩIОХУ», «бзэр мэкIуэд» щIыжытIэн хуейр сыт Къэбэрдейми Шэрджэсми щыIэ адыгэ къуажэхэм дэс унагъуэхэм адыгэбзэр щыщызекIуэкIэ?! Апхуэдэу жызыIэхэм нэхъыбэу тегъэщIапIэ ящIыр убыхыбзэр зэрыкIуэдыжарщ. А бзэр кIуэдыжыныр къызыхэкIам девгъэгупсысыт. Убыххэр къанэ щымыIэу я щIыпIэм ирахуащ, нэхъыжьхэр щащхьэщыкIым, щIалэгъуалэм зыхэс лъэпкъым я бзэр Iэмалыншэу кърагъэщтащ.

Дэ дызытелэжьапхъэр адыгэбзэм зэрызедгъэужьынымрэ ар нэхъ къулей, шэрыуэ зэрытщIынымрэщ. Зы бзэ щыIэу къыщIэкIынкъым хамэ псалъэ къыхэмыхьауэ икIи къимыщтауэ. Революцэм и пэкIэ адыгэбзэм къыхыхьа урыс псалъэхэр я къэпсэлъыкIэкIи я тхыкIэкIи ди бзэм техуэу къэтщтащ. Совет властым и зэманым бзэм къыхыхьа псалъэхэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ ягъуэтакъым. Сэ сызэреплъымкIэ, абыхэм я зэран адыгэбзэм екIыркъым. Псынщ1эу зызыхъуэж икIи зызыужь дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм епха псалъэщIэ куэд къоунэху. Ахэр бзэ зэхуэмыдэхэр зыIурылъ лъэпкъхэм къыщащтэкIэ, къарыкI мыхьэнэ елъытакIэ я анэдэлъхубзэкIэ псалъэ гуэрхэр къыхуагупсыс. Ар хъунущ псалъэр гурыIуэгъуафIэмэ, жыIэкIэм къезэгъмэ. «Адыгэ псалъэм» куэд дыдэрэ дыщрохьэлIэ адыгэбзэм кърагъэзэгъа апхуэдэ псалъэхэм. Пэжыр жысIэнщи, нэхъыбэм псалъэхэм я мыхьэнэр гурыIуэгъуэкъым. АтIэ сыт хуэфэщэн псалъэ щахуэдмыгъуэткIэ ахэр зэрыщыт дыдэм хуэдэу бзэм къыхыхьэ щIэмыхъунур?! Си гугъэкъым адыгэбзэр абыхэм фагъуэ щIэхъукIыу. ТхакIуэ цIэрыIуэ Теунэ Хьэчим жиIэгъауэ щытауэ си щхьэм къинащ мыпхуэдэ гупсысэр: «Франциєм я бзэм и процент 60-р хамэбзэхэм къыхэкIащ. Ди бзэм и куэбжэр зэхуэщIын хуейкъым, къыхэгъэхьапхъэщ апхуэдэ псалъэхэр. Абы ди бзэр нэхъри къулей ищIынущ». Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ тхакIуэм «Франциє» псалъэр «Франджы» жыIэкIэм зэрыхуимыгъэкIуар. «Франджы» щыжытIэкIэ ар адыгэбзэ псалъэ хъурукъым. АтIэ сыт псалъэм и жыIэкIэри и тхыкIэри тхъуэжын щIыхуейр? Къэтщтэнщ урысыбзэри, абыи хамэбзэ куэд къыхыхьащ, ауэ абы щхьэкIэ бзэр кIуэдыжынущ жаIэу гуныкъуэгъуэ щыIэкъым.

Мы си тхыгъэм къеджэм адыгэбзэр къысфIэмыIуэхуу къыщыхъункIэ хъунщ. Хьэуэ, апхуэдэу щыткъым. Сэри къызолъытэ дэтхэнэ зы адыгэми и бзэр ищIэжын хуейуэ. Сэ сукъуэдияуэ жызоIэ адыгэбзэр зэрымыкIуэдыжыр. «Адыгэ псалъэ» газетыр тхьэмахуэм тхуэ къыдокI, адыгэбзэкIэ журналхэр диIэщ, радиор, телевиденэр ди анэдэлъхубзэмкIэ мэпсалъэ, курыт школхэм лъэпкъыбзэр щадж, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэр а Iуэхум толажьэ. ИтIани сыт адыгэбзэмкIэ гукъеуэ диIэн щIыхуейр?! Пэжщ, адыгэбзэр къэралыбзэу зыгъэува законыр лажьэркъым. Ар щIэмылажьэми щхьэусыгъуэ иIэщ: зы лъэпкъкъым ди республикэм щыпсэур. КъБР-м и Парламентми, Правительствэми, нэгъуэщI Iуэхущ1апIэхэми зэIущIэхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр, сыт хуэдэ тхылъхэри дэфтэрхэри зэрызэрахьэр урысыбзэщ. Республикэм ис лъэпкъ нэхъыщхьитIым - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ - я бзэр зыкIи зэтехуэркъым. Аращ лъэпкъыбзэм теухуа унафэр щIэмылажьэр. Абы и лъэныкъуэкIэ нэхъ тыншу Iуэхур иризэфIах урысыбзэм.

Дауэ хъуми, зи анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъум, абы пщIэ хуэзыщIым ар зэи Iэщ1ыб ищIынукъым. Мыдрейуэ, ар зэзымыпэсыжым сыт хуэдэ Iуэхуи къыхэлъхьэ, бзэр къыпхуегъэщтэнукъым. АдыгэбзэракIыым дэ нобэ тфIэкIуэдыр, атIэ ди лъэпкъ хабзэр, нэмысыр тIэщIоху. Лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэщ адыгагъэм и къежьапIэр. Ар зымыщIэм адыгэбзэри сыту ищIын?!

ХЬЭКЪУН Ахътэбий.
Псынабэ къуажэ.

Шэджэм куейм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэр ди республикэм и адыгэ жылэжьхэм ящыщщ. 1734 гъэм щIыналъэм къыщыдэкIауэ щыта картэм ар къыщыгъэлъэгъуакIэщ. А зэман кIыхьым и кIуэцIкIэ къуажэр етIысэхыпIэ, быдапIэ, щалъхуа щIыпIэ яхуэхъуащ цIыху минхэм. Адыгэ хабзэм тету псэу жылэм сыт щыгъуи пщIэшхуэ щаIэщ нэхъыжьхэм, хьэщIэхэм, гулъытэшхуэ щегъуэт лъэпкъ гъэсэныгъэм.

А IУЭХУГЪУЭХЭР гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуауэ къыщIэкIынщ Къардэн Адэлбий, балигъыпIэ нэмысахэм я «Нэмыс» республикэ социально-реабилитацэ центрым и унафэщIым, и «КъэгъэщIэрэщIэжыныгъэ» атэлыкъ проектыр гъэзэщIэным и лъабжьэу езыр щалъхуа, щыдепутат Щхьэлыкъуэ жылэр къыщIыхихам. Адэлбий кърихьэжьа Iуэхур диIыгъащ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къуныжь Хьэчим. Абы щыгъуазэ хъуа къуажэдэсхэри щыгуфIыкIащ Къардэным къыхилъхьа Iуэхугъуэщ1эм.

Апхуэдэу «Нэмыс» центрым и гъэсэн сабий 30 Щхьэлыкъуэ къэшащ. Республикэм ис лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа ныбжьыщIэхэр мазэм нэскIэ щыпсэуащ къуажэдэсхэм я унагъуэм. Сабийхэр я деж щызыгъэхьэщIэну, щызыгъэIэну хуейхэр куэдкIэ нэхъыбэт, цIыкIухэм нэхърэ. Iуэхум и пэублэу гуфIэгъуэ зэхуэс щекIуэкIащ Щэнхабзэмк1э къуажэ унэм. «Нэмысым» и гъэсэнхэр я бынхэм яхэту унагъуэ-унагъуэкIэрэ зэбграшащ щхьэлыкъуэдэсхэм икIи бын пэлъытэу я ерыскъы ирагъэшхащ, я пIэ хагъэлъащ, цIыкIухэм я нэгуи зрагъэужьащ. Зыгъэпсэхугъуэ защIэу екIуэкIакъым а лъэхъэнэр. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэщи, «урихьэлIэмэ, ерыскъыр ядэшх, узыхуэзэ Iуэхури ядэщIэ». Атэлыкъ унагъуэм ис адрейхэм хуэдэу, «Нэмысым» къикIа сабийхэм къатемыхьэлъэн къалэн щхьэхуэхэри яIащ: унэрысхэм ящIэр дащIащ, сыт хуэдэ Iуэхуми зыпыIуамыдзу.

ВэрылI Каринэ уэрэд жеIэ.


Бгырыс къэфакIуэ щIалэм и теплъэ.

Сабийхэм школ музейм зыщаплъыхь.

ХьэщIэхэм я нэгу зегъэужьын и лъэныкъуэкIи ялъэкI къагъэнакъым атэлыкъхэм. Сабийхэм зыщаплъыхьащ Гуэл ЩхъуантIэхэм. Абыхэм папщIэ къызэрагъэпэщащ спорт зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, пшыхь хьэлэмэтхэр. Сабийхэм гукъинэж ящыхъуащ Щхьэлыкъуэ курыт школым хэт хэкурыдж музейм щыщыIа махуэр. Абыхэм хьэлэмэт куэд къащIащ къуажэм и тхыдэм, и нобэрей гъащIэм, абы дэс цIыхухэм ятеухуауэ. Нэхъыщхьэрати, цIыкIухэр унагъуэ хуабагъкIэ, гулъытэкIэ, лъагъуныгъэкIэ къэухъуреихьауэ екIуэкIащ зэманыр.

Махуэхэр купщIафIэу икIи Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIауэ екIуэкIащ. И чэзур къэсащ «Нэмысым» и гъэсэнхэри я IуэхущIапIэм екIуэлIэжыну. Абы теухуа фIэхъус ехыж пшыхь иджыблагъэ щызэхэтащ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Абы кърагъэблэгъат КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт, Шэджэм куей администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Урыс Аслъэн, жылэм дэс нэхъыжьыфIхэр, атэлыкъ унагъуэхэр, сабийхэр. Пшыхьыр къызэIуиха нэужь, Къуныжь Хьэчим псалъэ иритащ Iуэху дахэм и жэрдэмщIакIуэ Къардэн Адэлбий. Абы фIыщIэ ин яхуищIащ и гъэсэнхэр я унагъуэхэм езыгъэблэгъахэм, апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм пыщэн зэрыхуейри къыхигъэщащ.

Щхьэлыкъуэдэсхэм фIыщIэ яхуищIащ Урыс Руслани. Абы апхуэдэу псалъэ гуапэкIэ зыхуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и лIыкIуэ министрым. Тюбеевым жиIащ щхьэлыкъуэдэсхэм я щапхъэ дахэр нэгъуэщI жылэхэми къызэращтэнум шэч къызэрытримыхьэр. Абы фIыщIэ яхуищIащ сабийхэр зэманкIэ зэзышэлIа, абыхэм псэукIэ дахэм и мардэхэр езыгъэлъэгъуа унагъуэхэм. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, ХъутIэ Мусэрбий, Иуанхэ Агнессэрэ Заретэрэ, Къардэнхэ Руслан, Адэлбий, Людмилэ, Шыкъ Асидэ, Куэшмэн Заур сымэ.

- Псом хуэмыдэжу псалъэ гуапэ хужысIэну сыхуейщ Къурмэнхэ я унагъуэм, - пищащ министрым. - Бынунагъуэшхуэм я анэ Светланэ езым и быни 8-м гъусэ яхуищIыфащ «Нэмысым» и гъэсэнхэм ящыщу сабиищ. Апхуэдэ цIыху псэ зэIухам хуэмыфащэ фIыгъуэ щыIэ! Я гуапэ тщIыну дыхуейуэ, тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм, Анапэ, щыдиIэ гъэмахуэ лагерым зэрызыщагъэпсэхун путёвки 2-кIэ дахуоупсэ а унагъуэм.

НэгъуэщI зы Iуэху гуапи пшыхьым и утыку кърагъэхьащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, зэIущIэр техуат Тюбеевыр къыщалъхуа махуэм. И махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ абы къуажэдэсхэр. Абыхэм я цIэкIэ Къуныжьым министрым тыгъэ хуищIащ бгырыс къэфакIуэ щIалэ уардэм и теплъэу гипсым къыхэщIыкIар. Ар и IэдакъэщIэкIщ къуажэдэс IэпщIэлъапщIэ Бахъуэм.

«Нэмыс» центрым и гъэсэн цIыкIухэр утыкум къыщрашэм, абыхэм псори Iэгушхуэ яхуеуащ. Сабийхэм фIыщIэ псалъэ хужаIащ здэщыIа унагъуэхэм я нэхъыжьхэм, унэгуащэхэм, къуэш, шыпхъу пэлъытэ яхуэхъуа щхьэлыкъуэдэс щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэм. Абыхэм папщIэ сабийхэм ягъэзэщIащ къафэхэр, жаIащ уэрэдхэр, къеджащ езыхэм я къалэмыпэм къыщIэкIа усэ цIыкIухэм.

Пшыхьыр я уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ ягъэдэхащ «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Эририей» творческэ гупхэм, щхьэлыкъуэдэсхэр зэрыгушхуэ зэчиифIэ ныбжьыщIэхэу ВэрылI Каринэ, Бабыгуей Марьянэ, Джэрыджэ Миланэ сымэ.

Пшыхьыр иуха нэужь, къуажэдэсхэм ирагъэжьэжащ хьэщIэхэри, бын пэлъытэ яхуэхъуа сабий гупри. Абыхэм я сэлам зэхыжыкIэмкIэ, я нэхэм къафIекIуэ нэпсхэмкIэ дэтхэнэми и гум щыщIэр нэрылъагъут: унагъуэхэри «Нэмысым» и гъэсэн цIыкIухэри псэкIэ зэпэгъунэгъу хъуат. Сабий гупыр щхьэлыкъуэдэсхэм я деж зэрыщыхьэщIа зэманым кIэух игъуэтами, пэщIэдзэ игъуэтат абыхэм яку къыдэхъуа ныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм, гуапагъэм, IэфIыгъэм.

КОММОДОВ Геннадий.
Щхьэлыкъуэ къуажэ.

●Хъуэхъухэр

Налшык къалэ щыпсэу Наурыз Маринэ Билал и пхъур къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъури, дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу Маринэ! Ныбжь дахэм уэзэрынэсар уогъэлъапIэри, дынохъуэхъу уи гъащIэр кIыхьу, уи щIыхьыр ину, узыншагъэ быдэ уиIэу, уи унагъуэ насыпым уи гур дыхэхъуэрэ бын гуфIэгъуэм ущымыщIэу, берычэт тыр уи Iэнэгуу, дэрэжэгъуэ эмрэ гуфIэгъуэмрэ уи бэу куэдрэ утхуэпсэуну!

Къуэжейхэ Борис, Ларисэ, Залинэ, Рустам, Руслан.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Бахъсэн куейм хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм щыпсэу Лъэпщ Хьэдис Хьэчим и къуэм медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэ лъапIэр къызэрыфIащамкIэ дохъуэхъу

Жыгеижьу убыдэрэ
улъэщу,
УлъапIэрэ уцIэрыIуэу.
Кхъужьейуэ усэбэпрэ
угъащIафIэу,
Дэшхуейуэ у убкъыфIэу,
Щиху плъыфэу уардэу,
Жыгъэр
къыпщIэмыхьэу,
Нэхъыжьхэр бгъэгу фIэу,
НэхъыщIэхэм урaщапхъэу,
Уи унагъуэр ефIакIуэу,
Уи щIэныгъэм
хэбгъахъуэу,
Лъэпкъ дамыгъэ ухъуащи,
куэдрэ улыдыну дыпхуохъуахъуэ.

Лъэпщхэ дымащIэми, уи яужь иувэн къытхэкIмэ, дызыщыгуфIыкIынщ. Ди хъуэхъумкIэ экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат лэжьыгъэр пхызыгъэкIа уи щхьэгъусэ Залинэ удэгуашэмэ ди гуапэщи, дызэрыфхуэхъуапсэр Тхьэм къывбгъэдилъ хьэ.

Уи адэ къуэш Володя.

Республикэпсо зэхьэзэхуэ

Налшык и Долинск хьэблэм хиубыдэ 4-нэ гуэлым и Iэгъуэблагъэм щекIуэкIащ мыгувэу дзэ къулыкъум пэрыувэну щIалэгъуалэм я республикэпсо спорт зэхьэзэхуэ.

АР КЪЫЗЭРИГЪЭПЭЩАЩ КъБР-м и ДОСААФ-м. Зэпеуэм хэтхэм я зэфIэкI ягъэлъэгъуащ нэщанэ еуэнымкIэ, къэжэнымкIэ, къэлъэнымкIэ, кIапсэм дэкIуеинымкIэ, катамаранхэмкIэ псы щIыIум къыщыкIухьынымкIэ. Жэрдэмыр къыхэзылъхьахэм къызэрыжаIамкIэ, зи армэ дэкIыгъуэхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ, я къарурэ я зэфIэкIымрэ здынэсыр къэхутэнымкIэ мыпхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэ ин яIэщ. Апхуэдэу мы спорт зэхьэзэхуэхэр сэбэпышхуэ мэхъу дзэ къулыкъу къезыхьэлIэнухэр зыхэхуэну унэтIыныгъэр пасэу гъэбелджылынымкIэ. Спартакиадэм щытекIуахэм дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуз.

●Спорт

Ди дзюдоистхэм я текIуэныгъэ

Бэнэныгъэр гуащIэт.

КИФЩI-м дзюдомкIэ и чемпионат бадзэуэгъуэм и 30 - 31-хэм «Налшык» спорт комплексым щекIуэкIащ.

АБЫ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн, Дагъыстэн, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Ставрополь крайм я дзюдоистхэу Урысейм, Европэм, дуней псом ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа спортсмен лъэрызехьэхэр, лъагапIэщIэхэм хуэпабгъэ ныбжьыщIэхэр. Зэпеуэм кърихьэлIа спортсмен 350-м ди республикэм и дзюдоист 56-рэ яхэтати, 7-р цIыхубзщ.

Мыгувэу екIуэкIыну Урысей чемпионатым хэтынухэр къыщыхах зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэщ КъБР-м СпортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министерствэр, КИФЩI-м, КъБР-м дзюдомкIэ я федерацэхэр.

МахуитIкIэ екIуэкIа зэпеуэ гуащIэм ди дзюдоистхэм ящыщу текIуэныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ Бырсекъуэ Ислъам (кг 90), Салыхов Мурат (кг 100-м щIигъу), Багаев Анзор (кг 73-рэ), ГъущIапщэ Самир (кг 90), Щад Мурат сымэ. ЦIыхубзхэм я деж щытекIуащ Бэрэздж Светланэрэ (кг 57-рэ) Балъкъэр Залинэрэ (кг 78-рэ).

КИФЩI-м и зэхьэзэхуэм щытекIуахэм Урысей чемпионатым зыхуагъэхьэзырынущ.

- 2012 гъэм Лондон щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм кIуэну Урысейм и гуп къыхэхар яубзыхуами, фокIадэм и 1 - 5-хэм Къэзан къалэм щызэхэтыну Урысей чемпионатым щытекIуэхэр а командэм хэхуэну Iэмал ягъуэтынущ, - жиIащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер, зэпеуэм и судья нэхъыщхьэу щыта Емкъуж Мухьэмэд.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

СэмэгурабгъумкIэ къыщыщIэдзауэ: **Бырсекъуэ Ислъам, ГъущIапщэ Самир, Щад Мурат сымэ.** *Тезыхар* **ТОЛГУРОВ Камалщ.**

«Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэм» дунейм зыщеубгъу

●Щэнхабзэ

КъБР-м и Правительствэм, Лъэпкъхэм я унэу Мэзкуу дэтымрэ ди лъахэгъу сурэтыщI-модельер ТIажь Альбинэ и фондымрэ зи къызэгъэпэщакIуэ «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэхэр» еплIанэ дунейпсо сабий-ныбжьыщIэ зэпеуэ-фестивалым и етIуанэ Iыхьэр Налшык щекIуэкIащ. А проектым и узэщIакIуэхэм я щIэгъэкъуэнщ республикэм ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ министерствэхэр.

IУЭХУР зезыгъакIуэ, Альбинэ и фондым и унафэщI ТIажь Борис щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, зэпеуэ комиссэр хэплъащ Москва, Урысей Ипщэм и республикэхэм, крайхэмрэ областхэмрэ, шэрджэс, абхъаз диаспорэхэр здэщыIэ Сирием, Иорданием, Тыркум, апхуэдэуи Евразием, Африкэм, Америкэм я къэралыгъуэхэм щыщ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкI 400-м щIигъум. Нэгъабэ зэхьэзэхуэм къэралыгъуи 10 хэтамэ, мы гъэм къыхыхьащ Франджыр, Албаниер, Костэ-Рикэр, Перур, Эквадорыр, Колумбиер, Экваториальнэ Гвинеер.

Урысейм и художникхэм я зэгухьэныгъэм и япэ секретарь Боровской Николай зи пашэ жюрим хэтащ сурэтыщI цIэрыIуэхэу Бгъэжьнокъуэ Заур, Црым Руслан, Темыркъан Геннадий, Захьир Жанбэч (Иордание) сымэ. Налшык къалэ дэт Сабий художественнэ еджапIэм щылажьа а гупым зэпеуэм къагъэхьа псори гунэсу щIаплъыкIри, нэхъыфIхэр къыхахащ.

Зэпеуэ-фестивалым и лауреатхэр 20 мэхъу. Гран-при саугъэтыр лъысащ «Iэдииху» сурэтыр зи IэдакъэщIэкI, Мейкъуапэ (Адыгей) дэт художественнэ еджапIэм и гъэсэн, илъэс 11 зи ныбжь Шопинэ Евгение. Абы кIэлъокIуэ зэхьэрхуэрэгъухэм я нэхъыщIэ дыдэ (илъэси 4), «Сэтэней» сурэтыр зыщIа Шортэн Аделинэ (Москва). «Графикэ лэжьыгъэ нэхъыфI» номинацэщIэм щытекIуащ Титовэ Аня (илъэс 13, КъШР, Зеленчук станицэ).

Кавказ Ипщэ, Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм, Абхъазым щекIуэкIынущ финалистхэмрэ лауреатхэмрэ я IэдакъэщIэкIи 130-рэ щагъэлъэгъуэну ягъэIэпхъуэ дунейпсо выставкэ.

«Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэхэр» еплIанэ ягъэIэпхъуэ дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэр бжыхьэм Иорданием щрагъэкIуэкIынущ. А къэралым щыщ сабий 20-м я IэдакъэщIэкIхэр кIэух зэпеуэм хэтащ. Проектым и еплIанэ илъэс лэжьыгъэр иухынущ этнофестивалым хиубыдэу тематикэ сурэтхэмкIэ, вокал, хореографие гъуазджэмкIэ Лъэпкъхэм я унэу Мэзкуу дэтым щIышылэм щрагъэкIуэкIыну зэпеуэмкIэ. Къэрал Думэм жэпуэгъуэм щызэхэтыну выставкэм сабийхэм я IэдакъэщIэкIыу 100 щагъэлъэгъуэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

«Нэм и пэ псэр ихуэ» жеIэ адыгэ псалъэжьым. Абы къегъэлъагъуэ IэпкълъэпкъымщыщаIыхьэм и лъапIагъымрэ абы и мыхьэнэр зэрыинымрэ. ХъугъуэфIыгъуэшхуэм хэсми, зи нэм имылъагъум а псор зыуи къридзэркъым, и гъащIэр кIыфI зэпыту ехьри. Апхуэдэ цIыхум и дунейр ирехьэкI нэхугъэм щIэбэгыу.

●ФIыщIэ

IэщIагъэлI нэс

А ГУНЫКЪУЭГЪУЭР цIыхум щызыгъэпсынщIэ, дуней щIэращIэм хэплъэжынымкIэ гугъэ езытыж дохутырхэм щытхъурэ фIыщIэу яхуэфащэр къыпхуэмылъытэнщ. Абыхэм дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуагъуэтыфу, сымаджэр ямыгъэгужьейуэ и Iуэху зэрыхъунур тэмэму гурагъэIуэфу, нэхъыщхьэращи, фIэщхъуныгъэ иратыфу щытын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ сыткIи щапхъэщ республикэ сымаджэщым нэм щеIэзэ и къудамэм и дохутыр АфIэунэ Анатолэ Лэмэн и къуэр.

АфIэунэм и цIэр фIыкIэ ираIуэу, щытхъу хужаIэу куэдрэ зэхэсхати, си нэм дерт иIэ щыхъум, нэгъуэщI къэзмылъыхъуэу, абы занщIэу си дзыхь езгъэзат. ЗэрыжаIам хуэдэуи, IэщIагъэлI нэсу къыщIэкIащ. Гупсэхуу си Iуэхур зыIутыр зригъащIэри, зэман кIэщIым къриубыдэу узыр сщхьэщихащ. Абы и лэжьыгъэм ущыкIэлъыплъкIэ жэуаплыныгъэшхуэ пылъу и IэнатIэр зэрырихьэкIыр нэрылъагъущ. Илъэс куэд щIауэ пэрытми, и лэжьыгъэм тезэшакъым. Анатолэ и нэIэм щIэт сымаджэхэм набдзэгубдзаплъэу яхущытщ, я псэм щыщIэр зыхищIэу, дэтхэнэ зы зэхъуэкIыныгъэми зэуэ гу лъитэу апхуэ дэщ. Уеблэмэ, и псалъэ къудейхэм гузэвэгъуэр пщхьэщахри, псэм псэхугъуэ иратыж. А дохутыр телъыджэм «мэлажьэ» хужыпIэныр мащIэщ, ар цIыхум фIы яхуищIэн папщIэ дунейм тету убж хъунущ.

Анатолэ илъэс куэдкIэ лэжьащ нэм щеIэзэ къудамэм и унафэщIу. Нобэ къыдэлажьэхэм я нэхъыбэр, езым и пIэ иува щIалэри яхэту, абы и гъэсэнщ. Гуп зэкъ уэтым щапхъэ яхуохъу я нэхъыжьыфIыр икIи, пэжыр жыпIэмэ, отделенэм щызекIуэ хабзэ дахэр, дохутырхэм яхэлъ гулъытэр куэдкIэ и фIыщIэщ Анатолэ.

Анатолэ щытхъу хужызыIэхэр ноби зэрымымащIэм сыщыгъуазэщ. Абыхэми сэри къыдбгъэдэкIыу дохутыр щыпкъэм сохъуэхъу гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ, фIыгъуэ щымыщIэу, гукъыдэжыр и бэу, узыншагъэ быдэ иIэу гъащIэ кIыхь къигъэщIэну.

ДЗУ ХуркIэ.
Кэнжэ къуажэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Шырдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 8.878● Заказ №2025